ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№92 (22.750) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 17 , щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Зыужьыныгъэм и лъабжьэмрэ хэкІыпІэхэмрэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий** накъыгъэм и 15-м иригъэкІуэкІащ социально-экономикэ зыужьныныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къалъытэныжмкІэ республикэм и Унафэщым деж къыщыззэрагъэпэща Советым и апэ зэІущІэр. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Тхьэмадзэху **Чеченов Ануарпэ Храмов Константинрэ**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм, къэрал комитетхэм я унафэщІхэр, Іуэхур зэхьэлІа Іэнатіэхэм я ЛыкІуэхэр.

- Нобэ къыштащыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщыт социальнэ, экономикэ политикэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, ухуэныгъэм, псэукІэр къызэзыгъэпэщ адрей Іэнатіэхэми ятеухуауэ 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа указхэр ебзэщІэныр. Ахэр ятещІыхьащ экономикэм жыдкэру икІи зэпІэзэрыту зегъэужьыным, щІыхуэм я хэхъуэр нэрылъагъуэ къэІэтыным, сабий гъэсапІэхэм чэзур щызэтегъэкІыным, социальнэ Іуэхущ Іапі эхэм ящыщ ІэщІагъэлІ щхьэхуэхэм я улахуэм хэгъэхуэным, унагъуэ гугъуэхэм я сабийхэм ядэлажьэ егъэджакІуэхэм защІегъэкъуэным, - къигъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Юрий. - Коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я фІагъым хэгъэхуэным, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм уней мылъку хэзыльхьэнухэр тегъэгушхуэным, унэжьхэр ихыным, сабиищ е нэхъыбэ зиІэхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр мащІэкъым. А пщэрыльхэр кууэ егупсысауэ унэтІын хуейщ. Абы папщІэ 2018 гъэ пщІондэ дызэрыпсэлъэну щІыкІэр дубзыхуащ, зэфІэдгъэкІыну ди мурадхэр дызыхуеину мылъкур, къалэнхэр гъэззэщІа зэрыхъумкІэ жэуапткІуэхэр дгъэбелджыльащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ПІалъэу мазитІ яхуегъэув

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий** Правительствэм и Унэм щригъэжІуэкІащ Р-217 «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзэгр зехьэным, егъэфІэкІуэным теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Храмов К. К.**, «Федеральнэ гъэзэгу агентствэм и Кавказ Ищхьэрэ автомобиль гъэзэгухэм я управленэ» федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Лечхаджиев Р. А.**, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, Ставрополь крайм щыщ Кировскэ районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Тешшев С. В.**, республикэм и къалэхэм, районхэм, муниципальнэ щІыналъхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, гъэсыныпхъэ, рекламэ Іуэхущ Іапі эхэм, федеральнэ гъэзэгум къедзауэ щыІэ мэкъумэш предприятэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзэгум щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм хиубыдэ километр 140-м и зэхуэдитІыр бгъэзащІ, автомашинэу тІу щызэблэкІыр къудейуэ. Абыхэм ущызекІуэну, псом хуэмыдэу япэ ит автомашинэм ущыщхъудахуэну ишыагъэуэ. 2013 - 2014 гъэхэм мы гъэзэгум транспортым пыщІа къэхъукъащІэу 174-рэ щатхащ. Абыхэм щІыпІэ 68-рэ хэкІуэдащ, 244-рэ уІэгъэ щыхъуащ.

Арэзы ухьищІыкъым асфальтым и щытыкІэм. Гъэзэгу дамыгъэхэри къэрал стандартхэм къыщемызэгъ щыІэщ. ЗэдыщІэкІыу гъэзэгум и кІыхьагъкІэ дэкІуэу сату щанІ. Апхуэдэ щІыпІэхэр тэмэму зэрызэмыгъэпэщам къыхэкІыу гъэзэгу рыкІуэхэми гъэзэгубгъуэм сату щызыщІэхэми фэбжь ягъуэтынкІэ ишынагъуэщ.

«ЩхьухэмгъэзэгуІуфэхэм ныбзиныгъэкІэ сату зэрыщамышІыр псоми къыдгуроІуэ, -жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Апхуэдэу щыщытклэ, республикэм и хъэкъКІэ абыхэм я Іуэхуэр едгъэгъэфІакІуэ».

Хабзэхъуэмэ, кІэлъыплъакІуэ органхэм гу лърагъэтащ рекламэм елэжь агентствэхэм я Іуэху зехьэкІэм. Законодательствэм зыкІи къезэгъыркъым федеральнэ гъэзэгум дэкІуэу рекламэ ину 127-рэ зэрытетыр, уней мэкъумэш предприятэхэм екІуалІэ гъэзэгухэр федеральнэ автомобиль гъэзэгум хэкІыу зэращІар. Ар зи къуаншагъэхэм ящыщыр щІыналъэ администрацэхэм я унафэщІхэри.

Лечхаджиев Р. А. зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ федеральнэ автомобиль гъэзэгум щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм хиубыдэр зэІуэпэщ ящІын папщІэ зэман благъэм кърихьыдэу икъуэкІэ ахъшэшхуэ - сом мелуан 420-рэ трагъэкІуэдэну унафэ къызэращІам.

ЗэІущІэм зи гугъу щапІа нэкъуасуанэгъэ псори ягъэззэкІуэжьын папщІэ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм пІалъэу мазитІ иратащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Дыгъуасэ

Къызэгъэпэщакіуэ гупыр аргуэру зэ хоплъэж

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ Кавказ зауэр зэрянухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум ехьэлІа Іуэхугъуэхэр ди республикэм щегъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм я зэІущІэ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Фырэ Руслан**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэмхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Бэкэнэ Бесльэн**, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхъэмадзэхэу **Сэхэрокъуэ Хьэутиір** **ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ**, «Аланэ» балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ **Беппаев Суфян**, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуІу советым и унафэщІ **Къалмыкъ Жылэбий**, Абхъазым щыІэуа адыгэ щІалэхэм я союзым и Іэтащхьэ **Яхэгуауэ Къазбэч** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Фырэ Руслан зэІущІэр къызэІуиха нэужь, Къумахуэ Мухьэдин къызэуэсахэм я пащхьэ кІырихьащ щыгъуэщІэж махуэм екІуэкІыну Іуэхугъуэхэр зэрызэкІэлъыхьа щыкІэр.

Іуэхуэм и къызэгъэпэщыкІэм хэгъэхьэжьпхъэу къалъытэхэр къагъэльагъуэри, абы иІэ мыхьэнэм тепсэльыхьахэщ зэІущІэм кърихьэлІахэр.

Къызэхуэсахэм я арэзыныгъэ хэлъу накъыгъэм и 20 - 21 махуэхэм екІуэкІыну дауэдапщэхэр и кІэм нэсу удзыхуа хъуащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Кавказ зауэр зэрянухрэ илъэси 150-рэ ирокъу

Дауэдапщэхэр зэрекІуэкІынур

КАВКАЗ зауэр зэрянухрэ илъэси 150-рэ мы гъэм зэрырикъум ехьэлІа дауэдапщэхэр республикэм и район, къалэ псоми щекІуэкІынущ. КъБР-м и Правительствэм иубзыхуа планым тету щыпІэ псоми Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щекІуэкІынущ. Абы хэтынущ къэрал къупльакъущІэхэри, лэжьакІуэхэри, балигъэри, сабийхэри.

Адыгэ жылэхэм дзт школхэм, библиотекэхэм дерсхэр, зэІущІэхэр, лекцэхэр, класс сыхьэтхэр, «СтІол хуэрейхэр», гъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ мэлыжьыхьым щегъэжьауэ. Кавказ Ищхьэрэм, КъуэкІыпІэ Жыжьым, Гъунэгъум, Европэм, США-м, Канадэм, Австралием щыІэ Адыгэ Хасэхэм Щыгъуэ-щІэж махуэм екъэлІа зэхуэсхэр щызэхаша.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и нэІэ щІэту адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къызэрагъэпэщынущ «История: боль и очищение» щІэныгъэ конференц, адыгэ щыпсэу я къэрал псоми пэкІуэкІынущ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Шапсугия», «Черкесское зарубежье», «Хасэ», «Нарт» газетхэм зэгъусэу номер зэхэт ягъэхьэзырынущ. Кавказ зауэм адыгэм ыкъуихьа лъапсэрыхьмрэ ди лъэпкъыр иджырей дунейм зэрыхэпсэукІымрэ теухуа тхыгъэхэр иту, Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ ЩІДАА-м и «Адыгэ щІэнгъуазэ» институтымрэ мы маззэхэм къыдагъэкІынущ Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864 гъгъ) теухуахэр щызэхуэхьэса, «Черкесика» серием хьихьэ, том 15 хъу тхылъхэр. А Іуэхугъуэрщ зытеухуауэ щытынур ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ ягъэхьэзыр «Шэрджэс дуней» журналри. Кавказ зауэр зэрянухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирагъэхьэлІэнущ «Нас издавна черкесами зовут» альбомыр къыдагъэкІынри.

Накъыгъэм и 20-м Изобразительнэ гъуазджэмхэмкІэ музейуэ Ткаченко А. Л. и цІэр зезыхьэм гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщынущ, Кавказ зауэм екъэлІауэ музейм и фондым щІэлъ псори щегъэуэвэкІауэ. А махуэ дыдэм КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм игъэхьэзыра «Си лъахэ - си уэрэд» концертыр, цІыхубэ уэрэдыжьхэм хухахар, Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъым деж щыІунущ. «Щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр и тегъэщІапІэу «Кавказым - мамыргъэ» конференцыр щыІэнущ, апхуэдэуи «Азиат» фильмыжь ягъэлъэгъуэнущ, Мечиевым и цІэр зезыхьэ республикэ ныбжьыщІэ библиотекэм «Льэпкъым и псэр къыщына щІыпІэ» фэеплъ пшыхьыр щекІуэкІынущ.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, дауи, щыщыІэнур нахьыгъэм и 21-рщ. Республикэм и щІалэгъуалэр Хуитыныгъэ скверым (гъущІ гъуэгу вокзал) пщэдджыжьым къыщежьэнрэ Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъым деж кьеКІуэлІэнущ. Абдеж щекІуэкІынну пэкІум хэтынущ къэрал къулыкъушІэхэмрэ зэрыхабзэуи, фэеплъым удз гъэгъаэр тралъхьэнущ. Мы махуэм Лъэпкъ музейм хуигъэхьэзыращ «Адыгэхэр. Илъэсищэхэм къапхыщ гъащІэ» гъэлъэгъуэныгъэр.

Щыгъуэ-щІэж махуэм епха дауэдапщэхэр республикэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі э псоми къагъэлъэгъуэжьынущ. А махуэхэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэсыей-Шэрджэсым, Адыгэ Республикэм иц ІыкІуэр елпъ хъунущ «Уафэгъуагъуэ макъ», «НэпскІэ гъэнщІа Гъэгу» телефильмхэм.

ЗэрыгурыІуэгъэщІ, къалащхьэм щекІуэкІыну фэеплъ зэІущІэхэм, пэкІуэм нэмыщІ, район псоми езыхэм я программэ ягъэпсащ. Апхуэдэу Бахъсэн къалэ округым щыІэ Щэнхабзэмкіэ унэхэм щекІуэкІынущ театр теплъэгъуэхэр, уэсэ кьеджэхэм я зэпеуэ, «Си лъахэм и тхыдэ» литературэ-макъамэ пшыхь. Бахъсэн районми школакІуэхэр зыхэт апхуэдэ зэІущІэхэр щекІуэкІынущ. «Адэжь щІынапльэм сыпхуоуСэ» усыгъэм и пшыхьыр, «Истамбылакіуэ» литературэ-макъамэ пшыхьыр къыщыззрагъэпэщынущ Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ, Май, Тэрч, Аруан, Шэджэм, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ куейхэми, Прохладнэ къалэми дзэ школакІуэхэр зыхэт пшыхьхэр, литературэ сыхьэтхэр щекІуэкІынущ курыт еджапІэхэмрэ Щэнхабзэмкіэ унэхэмрэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● АПК

Мэл лъэпкъыфІхэр Къалмыкъым щагъэлъэгъуэнущ

Накъыгъэм и 19 - 23-хэм Къалмыкъым и къалащхьэ Элиста щекІуэкІынущ мэл лъэпкъыфІхэр щагъэлъагъуэ XVI урысейпсо выставкэр. Ди республикэм и цІыкІэ абы хэтынущ «Дарган», «Эльбрус Агро-Инвест» хозяйствэхэр, Іэщ лъэпкъыфІхэр щагъэхьу «Степной» заводыр.

Гъэлъэгъуэныгъэм хиубыдэу кІыхьэрагъэпэщыну щІэныгъэ конференцым щытепсэлъыхьынущ мэлхэмрэ бжанхэмрэ зэрагъэхьхэр егъэфІэкІуэным, абыхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным пыщІа Іуэхуэхэм.

ХьэщІэхэм папщІэ программэ гъэщІэгъуэн ягъэхьэзыращ. Абы хиубыдэу мэлхэр къэщынынкІэ щхьэхуэІэзэхэр, щууейхэр зэпеуэнущ, апхуэдэу лъэпкъ удожественнэ гупхэм концертхэр ягъэлъэгъуэнущ.

САМЧЕНКЭ Светлан,
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ .

Иджыри махуэ зыбжанэкІэ псы яІэнукъым

Аруан районым щыщ Пщыгуэнсу къуажэм иджыблагъэ щыІа уэлбанэщхуэмрэ псыдзэмрэ кърита зэранытхэр ягъэзэкІуэж. Абы щыІащ Храмов Константин зи пашэ комиссэм хэтхэр.

НАКЪЫГЪЭМ и 14-м и жэщым къиуа псым щІыпІиблкІэ щикъутащ Псыгуэнсу псыхъуэм дэту кърикІуэ бжьамий гъэугр. Абы и зэранкІэ цІыху 3600-м махуэ зыбжанэ лъандэрэ псы яІэкъым.

Иджыпсту а щІыпІэм ІэщІагъэлІхэр щолажьэ. Бжьамийхэр зэрызэрагъэпэщыжым къыдэкІуэу псы Іуфэри иращІэкІ. Мы лэжьыгъэхэр махуэ зыбжанэкІэ яхуозэфІэгъэкІыну аращ.

Аруан муниципальнэ районым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корпупсым пащІэтэныным теухуауэ пащІэгъэкІэ щыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Зыужьыныгъэм и лъабжьэмрэ хэкІыпІэхэмрэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий** накъыгъэм и 15-м иригъэкІуэкІащ социально-экономикэ зыужьныныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къалъытэныжмкІэ республикэм и Унафэщым деж къыщыззрагъэпэща Советым и апэ зэІущІэр. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Тхьэмадзэху **Чеченов Ануарпэ Храмов Константинрэ**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм, къэрал комитетхэм я унафэщІхэр, Іуэхур зэхьэлІа Іэнатіэхэм я ЛыкІуэхэр.

- Нобэ къыштащыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщыт социальнэ, экономикэ политикэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, ухуэныгъэм, псэукІэр къызэзыгъэпэщ адрей Іэнатіэхэмрэ ятеухуауэ 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа указхэр ебзэщІэныр. Ахэр ятещІыхьащ экономикэм жыдкэру икІи зэпІэзэрыту зегъэужьыным, щІыхуэм я хэхъуэр нэрылъагъуэ къэІэтыным, сабий гъэсапІэхэм чэзур щызэтегъэкІыным, социальнэ Іуэхущ Іапі эхэм ящыщ ІэщІагъэлІ щхьэхуэхэм я улахуэм хэгъэхуэным, унагъуэ гугъуэхэм я сабийхэм ядэлажьэ егъэджакІуэхэм защІегъэкъуэным, - къигъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Юрий. - Коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я фІагъым хэгъэхуэным, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм уней мылъку хэзыльхьэнухэр тегъэгушхуэным, унэжьхэр ихыным, сабиищ е нэхъыбэ зиІэхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр мащІэкъым. А пщэрыльхэр кууэ егупсысауэ унэтІын хуейщ. Абы папщІэ 2018 гъэ пщІондэ дызэрыпсэлъэну щІыкІэр дубзыхуащ, зэфІэдгъэкІыну ди мурадхэр дызыхуеину мылъкур, къалэнхэр гъэззэщІа зэрыхъумкІэ жэуапткІуэхэр дгъэбелджыльащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр къыщызэгъэпэщынымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэмрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ советымрэ я зэхуэс

Абы хэтащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий А. И., республикэм и, районым и, гъэзэщІакІуэхэм я, суд, хабзэхъумэ, кІэлъыплъакІуэ, цІыхуэхэм я хуитынныгъэхэм къыщыхъыщынымкІэ органхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КІуэкІуэ Ю. И. Іэнатіэ, Іуэхущ Іапі э хэхахэм фІыщІэ яхуищІащ накъыгъэ мазэхуэхуэр щагъэлъапІэм хабзэр къызэрызэрагъэпэщам папщІэ; абыхэм я къалэнхэр егугъуу зэрагъэззэщІам и фІыгъэкІэ, Іуэхур щызэблэу, мыхъумыщІагъэ куэд щалэжь къызэрымыхъуар къыхихъащІи. КІуэкІуэ Юрий къыхихъащІхэм я щІыналъэ зэрыхуейр. Республикэм оперативнэ щытыкІэр иджыри гугъуу къыщонэж. ЗэфІагъэкІ Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ, хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуащ бандит щэхурылажьэхэм къагъэдэІуэфхэм я бжыгъэр, апхуэдэу щытми, ялэжь щІэпхъаджагъэхэм иджыри гулъытэшхуэ хуамышІу хъунукъым.

ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэу, хьэлъэ дыдэу ялэжьым процент 29,6-кІэ, фэтэру яхъунщІэр процент 22,3-кІэ, гъэузгухэм къыщыхьу насыпныштаъэхэу щІыху зыхэкІуадэхэр процент 31,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Фадэ ефахэм, балигъыпІэ нэмысхэмэ щІыху зэхуэсыпІэхэм щалажь щІэпхъаджагъэхэмэ хэпщІыкІыу хохъуэ (процент 83,9-кІэ). Нэпсеягъэр, гущІэгъуншагъэр я лъабжьэу ялэжь щІэпхъаджагъэхэри, технологие лъагэхэм тету къагупсыса иджырей Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпуръ зэхахщІыхь хьэгъэщагъэхэри нэхъыбэ хъуащ.

Нэхъапэм абыхэм я хъым ихуэныр зыхуумыгъэфащэу щытауэ щІэпхъаджагъэхэм яхьыхьэхэри нэхъыбэ хъуащ. Иужьрей илъэсищым и криминальнэ статистикэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, хабзэм зэ ебэкъуар а гъэузгум куэд дыдэрэ зэрытехьэжьыр наІуэ къащІ бжыгъэхэм. Нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щытахэм щІэпхъаджагъэхэм ялэжьым илъэс къэс хохъуэ: 2011 гъэм процент 17-кІэ, 2012 гъэм процент 20,2-кІэ, 2013 гъэм процент 25,6-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэр щынэхъыкІэщ. Лэскэн щІыналъэм (процент 136,6-кІэ нэхъыбэ щыхъуащ), Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн районымрэ (процент 135,9-кІэ), Нарткъалэрэ (процент 86,4-кІэ), Іуащхьэмахуэ щІыналъэмрэ (процент 82,3-рэ).

А щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІын хуейуэ хуагъэуващ УФ-м и УФСИН-м и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, щыІпІэ гъэззэщІакІуэ органхэм. «ЩІэпхъаджагъэр къэмыгъэхъун папщІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм гулъытэ хэха яхуэщІын хуейщ, абы япэ иту улэжьэнш хабзэншагъэхэр емыгъэлэжьыным и лъабжьэщ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Ю. А.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ къыззрымыкІуэ щытыкІэхэм я лъэужьхэр, дуней къэхъукъащІэхэм кърикІуахэр гъэкІуэдыжьныр зи къалэн Іуэхущ Іапі эхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэхъэзырым теухуа Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

■ ХъыбарыщІэхэр ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Матъхъэдис

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 17, *щэбэт*

♦**Хъыбарегъащ Іэ Іуэхущ Іапі эхэм я зэгухьэныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Гу узымебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Ставрополь крайм и махуэщ**

♦1944 гъэм Кърым АССР-р щымыІэж ящІащ. Кърымым щыпсэу тэтэр мин 200-м нэс ирашауэ щытащ щалъхуа щІыпІэхэм.

♦Тхыдэдж, уэзэщІакІуэ **Хьэжымыкъуэ Тэмтэч** къызэрыхьуэр илъэси 166-рэ ирокъу.

♦Краснодар крайм щыщ Щхьэщэхуэр жылэм щыщ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Делэ Алий** къызэралъхуэр илъэс 99-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубэ артистэ **ДышэкІ КІунэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 19, *блыщхьэ*

♦1943 гъэм СССР-м и ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и къэрал комитетым Бахъсэн ГЭС-р зэфІэгъэувэжьыным теухуа унафэ къыщІащ.

♦1764 гъэм Петербург къыщызэІуахащ Урысейм и апэ щІыхубэ еджапІэ (Смольнэ институтыр).

♦1925 гъэм Адыгэ Республикэм и къэрал музейр къызэІуахащ.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **ХьэуэкІуэ Хьэзрэталий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирикъуащ.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щІыхь зиІэ и агроном **ХьэщІэлІ Руслан** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 19, *блыщхьэ*

♦1949 гъэм СССР-м и ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и къэрал комитетым ГЭС-р зэфІэгъэувэжьыным теухуа унафэ къыщІащ.

♦1985 гъэм Налшык щыщызэІуахащ Сабий творчествэм и унэ.

♦1991 гъэм Налшык щыщызэІуахащ Къэбэрдей лъэныкъуэм и апэ конгрессыр. Абы и апэ президенту хахат Къалмыкъ Юрий Хьэмзэт и къуэр.

♦Адэжь щІыналъэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзыгъэгъэуэта (КъБКъУ-р къыухащ), Хъэрэт къэралхэм я лигэм и Секретарь нэхъыщхьэм и чэнджэщагъэу, Иорданием щэнхабзэмкІэ и министру щыта, «Къуэкіыпіэ Гъунэгъум и быльхугъэ пажэ» щІэр 2007 гъэм зыхъуагъэфэща **Нэгуэр Нанси Наурыз и пхъур** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭХЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэпкъ Іущыгъэ:

Выри къэщ дыдэщ - къуабыдри щІащІэ.

● Зыуэ щыт къэрал экзамен-2014

Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм ядолажьэ

Егъэджэныгъэм и фІагъыр къыщапщытэ республикэ центрым накъыгъэм и 15-м семинар щхьэпэ щекІуэкІащ. КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм къызэригъэпэща зэІущІэм къраГъэблагъащ 2014 гъэм ди республикэм щекІуэкІыну Зыуэ щыт къэрал экзаменым хэтыну жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр.

СЕМИНАРЫР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ щІалэгъуалэ политикэмкІэ министерствэм и департаментым и ІэщІагъэлІ Текуев Аслъэн. Абы къызэхуэсахэр иджыри зэ щІыгъуазэ хуищІащ мыгъэрей къэпщытэныгъэхэр зэрекІуэкІыну щыкІэрэ абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ. Текуевым зэрыжиІамкІэ, ЕГЭ-р зэрекІуэкІым щыгъуазэ зыхуащІын мурадкІэ, абы щызекІуапхъэ хабзэхэр экзаменым хэт псоми зэрагъэгъэзащІэ щыкІэр зрагъэлъагъуну гухъыдэж ящІащ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ 134-м. Абыхэм ящыщу 92-р республикэм щылажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лЫкІуэщ. Федеральнэ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэм и къалэнхэр зрагъэзащІну ди республикэм къэкІуэнущ цІыху 42-рэ. Ахэр Астрахань областым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэщ. КъинэмыщІауэ, КъБКъМУ-м щеджэ студент гупышхуи хэтынущ мыгъэрей экзаменхэм жылагъуэ кІэлъыплъакІуэу. Псори зэхэту абыхэм я бжыгъэр цІыху 257-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 134-м КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и аккредитацэ, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэу зэрыщытым щыхьэт текІуэу тхылъ яІэщ.

ЗэІущІэм кърихьэлІахэм апхуэдэу иратащ «Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэм и дэфтэр». Абы къыщыгъэлъэгъуащ ахэр къэпщытэныгъэхэм щекІуэлІапхъэ зэманыр, зыдэлажьэну, зэпсэльыхьэну хуитхэр, ЕГЭ-р щекІуэкІкІэ, ар иуха нэужь я пщэрылъ къаленхэр.

Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр зыхэтыну ящІ экзаменыр накъыгъэм и 26-м екІуэкІынущ. Курыт школыр къэзыух ныбжьыщІэхэм а махуэм ятынущ географиемрэ литературэмрэ. Адэкіэ екІуэкІыну экзаменхэми жыджэру хэтынущ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр. Апхуэдэу абыхэм хуитынныгъэ яІэщ 9-нэ классым мы гъэм ятыну ГИА-хэм хэтыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Зыужьныгъэм и лъабжьэмрэ хэкІыпІэхэмрэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Къыхалъхьа Іэужгъэхэр зэпкърахыу зэІуцІэм къыщыпсэльащ Правительствэм и Унафэщ Іи и къуэдзэхэу Альтуд Юрий, Марьяш Иринэ, Фырэ Руслан, Уянаев Казым сымэ.

«ПІалъэ кІыхьым тещІыхьа къэрал экономикэ политикэм и Іэхэуклэ» УФ-м и Президентым и Указ №596-р республикэм зэрыщІагъэзащІэм и гугъу щищІым, Альтуд Юрий къыхигъэщащ мы илъэсым Іэнатіэщіэу минитІ, 2018 гъэм ирихьэлІэу мин 25-м нэблагъэ къызэІуахьну зэрытраухуар.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэхэмрэ зегъэужьыным мылъкум и къыхэкІыпІэ нэхъыщхьэ псоми я къэкъкІэ инвестицэу сом мелард 22-рэ мелуан 62,7-рэ нэгъабэ хэтлъхьащ. Ар ВРП-м и процент 20,7-рэ мэхъу. Технологие лъагэхэмрэ щІэныгъэмрэ тещІыхьа экономикэм и Іэнатіэхэм 2011 гъэм продукцэу къатар валовэ щІыналъэ продуктым и процент 18,9-м нос. 2018 гъэм ирихьэлІэу лэжьыгъэм хъеру кІитым хуэдэ 1,5-м щІигъкІэ хэхъэну дыщогугъ. ПІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ ди республикэм зэрызиужьынум и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм щыуБзыхуэхэр зэдгъэхьлІэмэ, инвестицэ нэхъыбэ тхузэщІэгъэуІэнущ. Социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкІэ 2014 - 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпІэзэрыту зырызиужьнымрэ план зэхэтлъхьащ. Абы хохьэ УФ-м и Президентым и Указ №596-м къигъэувэкри, - жиІащ къэпсэльам.

Апхуэдэу абы зэхуэсахэм яхуиІуэтащ къэрал Іэхэу зехьэкІэр зэрырагъэфІэкІуэнум и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ Урысей Федерацэм и Іэтащхьэм и Указ №601-р гъэзэщІа зэрыхъур.

Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Марьяш Иринэ зэхьхьам щызэпкърихащ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ маздэм къыдигъэкІа Указ №597-м, №598-м, №606-м щыубзыхуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыпхагъэкІ щыкІэр. Улахуэм хэгъэхъуэным теухуауэ зрагъэхъулІахэм я гугъу щищІым, абы къигъэлъэгъуащ щІыху мин 50-м щІигъу щылажьэ бюджет Іэнатіэ 686-рэ япэ мазищым а Іэхэум къызэрызэщІрагъэубыдар. Зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу мазэ хьэкъыр ику иту com 18440-м нэсащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытатауэ процент 9,2-кІэ нэхъыбэщ. Курыт школхэм а бжыгъэр сом 19850-рэ, сабий гъэсапІэхэм - 17050-рэ, профщІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм - 15399-рэ, узыншагъэр хъумэныжкІэ, щэнхабзэмкІэ, социальнэ Іэнатіэхэм сом 16978-рэ, 12850-рэ, 11608-рэ щохъу. Къэпсальэм щхьэхуэу зэпкърихащ яІыгъ къулыкъукІэ, кьалэныр зыхуэдэкІэ зэщхьэщхьауэ лэжьащІэр зыхуэздизыр, ныкъэудыкІыжьэхэм сыткІи яхуэщІа Іэнатіэ къахудэхьным теухуауэ къапэщытхэр, абы и лъэныкъэкІэ щІыпІэхэм щызэфІагъэкІхэр, ІэщіагъэлІхэм я щІэныгъэм хэгъэхуэныгъэ къызэрызэрагъэпэщ щыкІэр, демографие щытыкІэр зыхуэздэр.

Вице-премьер Фырэ Руслан зэрыжиІамкІэ, щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Іэхуэщ Іанэ Іэхэр 228-рэ мэхъу. Мы зэманым абыхэм сабий 44016-рэ щагъасэ икІи щрагъаджэ. 3916-м илъэсри 3-м къыщыщІэдзауэ 7-м нэс я ныбжьщ. Гъэ еджагъэуІэм ирихьэлІэу щыкІу 1020-рэ зэкІуэлІэну сабий гъэсапІэу блы къызэІуахьнущ, апхуэдэу «электрон чэзу» Іэмалыр республикэм щагъэзащІэ. Уней сабий гъэсапІэхэр къызэІуахьным и Іуэхуми иогупсыс.

УФ-м и Президентым и Указ №602-р зыхуэгъэзар лъэпкъэм я зегурыІуэныгъэр къызэгъэзэпэщыным хуэунэтІауэ властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я ІуэхущІафэрщ. Фырэ Руслан къызэригъэлъэгъуамкІэ, нэгъабэрэ мы гъэм и апэ мазищым а лэжьыгъэр лъэныкъуищым тещІыхьауэ яунэтІащ. Нобэ ирихьэлІэу а Іуэхугъэхэм я щІалъэ-правовой лъабжьэр хъэзырщ. Вице-премьерыр зэпкърыхауэ кІэтуеувІащ Хьашам щыубзыхуахэр гъэзэщІэным теухуауэ яхуэзфІэкІахэмрэ дяпэкІэ я мурадхэмрэ.

Апхуэдэу зэІуцІэм щытепсэльыхьащ УФ-м и Президентым и Указ №600-р гъэзэщІа зэрыхъум. Уянаев Казым зэрыжиІамкІэ, КЪБР-м и Правительствэм къищтащ псэупІэ щаухуэн папщІэ республикэм и къэрал мылъкум щыщ щы Іыхьэхэр цІыху щхьэхуэхэм пщІэнэзу зэрыхуэпачыну щІыкІэм и унафэ. Мы зэманым ґынапкъэхэр ягъэбелджылуэр, къэрал кадастрым щатх, щы Іыхьэ зратынухэр учетым ягъэув. ПсэупІэ езэгъыбарбгъуи я рынокыр убзыхуным, мыкоммерцІэ псэупІэхэм зегъэужьыным елъжьыну гуп республикэм къыщыщІэрагъэпэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къищтащ псэупІэ кредит зрат цІыху щхьэхуэхэм къэралыр социальнэу зэрадэІэпыкъунум теухуа законым и проектыр. Апхуэдэу республикэ бюджетым и хьэкъкІэ анэ мылъкум и къэрал сертификат зиІэжям хухах ипотекэ кредитым щхьэщатыкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ зэрыхуэтыжьынум и унафи щыІащ. Указым щыгъэбелджыла адрей къалэнхэри республикэм зэрыщыІэзфІахьым тепсэльыхьа нэужь, КІуэхІуэ Юрий къыхигъэщащ псалъэр Іуэхуклэ зэрыщІагъэбыдапхъэр, бжыгъэхэм тращІыхь закъуэкІэ зэрызэрфІэмыкІынур, щІыналъэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэр зыхуэдэр щІыхуэбэм ялъагъун, абыхэм къарикІуэр зыхащІэн зэрыхуэйр икІи зыхэплъахэм теухуа унафэ къащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Узыншагъэ

Іуэхущ Іапі эм зеужь

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм и Чэнджэщ-диагностикэ медицинэ центрым иджыблагъэ къыщыдзэІуахащ хирургие къудамэ. Абы и щІыхьэпІэм иращІа лентІ плъыжьыр зэпаупІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министр Шэт Ирмэрэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Мыкъуэ Муратрэ.

- ІУЭХУЩІАПІЭМ кьилажьа мылъкур тэмэму къызэрагъэсэбэпым и щапхъэщ нобэ мыбдеж щытлъэгъуар. Сэ иджыри зэ хьэкъ сщІыхьащ медицинэ Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэр зыхуэдэр абы и унафэщІым куэдкІэ зэрелъытар, - жиІащ министрым.

Хирургие къудамэр къызэІуахыным щхьэ зыбжанэкІэ зыхуагъэхьэзыращ. Пэшхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэй хуагъэзащ, иджырей медицинэ оборудованэхэмкІэ яхьэзрагъэпэщащ. Къапщтэмэ, иджыпстукІэ пэшхэм гъуэлъыпІэу 15, реанимацэм 6 щІэтщ, абыхэм адэкІи кьыхагъхьэуну я мурадщ.

Чэнджэщ-диагностикэ медицинэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэр и лэжьакІуэхэм ящытхъуащ, абы кьыхигъэщащ гупым щыщ щІэтхэнэми жэуапльныгъэ пылъу и кьалэныр зэригъэзащІэр.

- Нобэ мы Іуэхущ Іапі эм иІэ щытыкІэр федеральнэ центрхэм ейм зыкІи кьыкІэрыхурхьым, - жиІащ Шэт Ирмэ. - Центрым иІэ зэфІэкІым Іэмал кьрет щІыхуэм яхуищІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъкІэ езым хуэдэ Іуэхущ Іапі эхэм я деж хуэфащэн увыпІэ щиубыдыну.

Хирургие къудамэм щылажьэхэр зыпэрыт Іэнатіэм фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщіагъэлІ гупщ. Абы и унафэщІ лъынтхэу узыфэхэмкІэ хирург Хьэхъупащ Іэ Сулеймэн. Дохутыр Іэзэм и нэІэм щІэту мэлажьэ Москва и клиникэ нэхъыфІхэм я ординатурэр ящ Іэныуа хирургхэу Мамий Хьэчим, Къэшэпащ Артур, Къэрдэн Тимур сымэ.

Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэм и программэм тету лажьэ Іуэхущ Іапі эм операцІэ щхьэр пщІэнэзу ещІ, абы папщІэ полисрэ паспортрэ пІыгъынэ хуейуэ аращ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Зэпеуэхэр

Узэкъуэтмэ - улъэщщ

«ЛъэпкъыМ и къарур узынщагъэрщ» жылагъуэ зэгухьаныгъэм КЪБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетымрэ «Ислъам диным и дунейпсо зэгухьаныгъэмрэ» и щІэгъэкъуэну иригъэкІыу кІащ «ЛъэпкъэМ я къарур зэкъуэтыныгъэрщ» щІалэгъуалэ зэпеуэр. Ар къызэзыгъэпэщащэм я мурадыр республикэм ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкІэр егъэфІэкІуэнымрэ щІэблэр гуапагъэм, нэгъуэщІым пщІэ хуащІыным хуэгъэзэнымрэщ.

МАХУЭ зыбжанэкІэ екІуэкІа зэпеуэр щыізэхуащІыжащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым. Абы хэтащ КъБКъУ-мрэ КъБКъМУ-мрэ я студентхэр. Къэпщытакіуэ гупым хэтащ КъБР-м ис Мусльэмэнхэм я Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**, КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и департаментым и лэжьакІуэ **Къагъырмэс Арсен**, КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и лэжьакІуэхэу **Рахаев Муратрэ Мэлбахъуэ Аидэрэ**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Хьэгъэжей Бесльэн**, философие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и доцент **КІарэ Мадинэ**, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Гъэунэ Казбек**, Кавказ Ищхьэрэм ис Мусльэмэнхэм я Іуэхущ Іапі эм и пресс-секретарь **Даниловэ Рузаннэ**, «Ват» волонтёр клубым и унафэщІ **Хьэжы Мурат**, Хьэсэней къуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм и унафэщІым и къуэдзэ **Айшаев Къайсын** сымэ.

- ГумащІэу зэхущытыныр, зым и щхьэ нэгъуэщІыр ирильытыфынырщ, цІыхугъэ кІэльызехьэныр гъэсэныгъэм и лъабжьэу къызолъытэ. Мы зэпеуэри гуапагъэм и зы щапхъэщ. КъБКъМУ-м и лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэозщІ Іуэхум зи гуащІэ хэзыльхьа дэтхэнэзми, - жиІащ КъБКъМУ-м гъэсэныгъэ, социальнэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ и къудамэм и унафэщІ **Урсумов МуІэдин**.

КъБКъУ-м педагогикэмкІэ и колледжым и студентхэм я гупым фІащащ «Гухэр зэгъусэщ». КъБКъМУ-м муниципальнэ управленческэ и факультетым щеджахэм зыфІащыжащ «ПІэпкъхэм я зэныбжьэгъуз». Ещанэ гупым - КъБКъМУ-м я гъэсныгъэ мыхъу мылъкуэхэм ерыскъымкІэ къэпщытакІуэхэр щагъэхьэзыр и факультетым и студентхэм я фІэщыгъэт «Ужагъуэ». Зэпеуэр Іыхьмащ гуэшат. Гуп кьэс езыхэм ятеухуэз хэзыгъэгъуазэ хьыбархІэ къыщІадзащ. ЕтІуанэу «ИльэсипщІ дэкІмэ, хэт сыхьуну сыхуей?» видеогъэзэгъэныгъэ кІэщІэкІэ зэпеуащ. «Акъыл жан» Іыхьэм ныбжьыщІэхэм упщІэ зэхуэмыдэхэм жэуап щратащ. Ещанэу ирагъэкІуэкІащ щхьныгъэуэхэр гъэхьэзырныкІэ зэпеуэ. Япэ увыпІэр кьахьащ «ЛъэпкъхэМ я зэныбжьэгъуз» гупым. ЕтІуанэр «Гухэр зэгъусэщ» гупым, ещанэр - «Ужагъуэм» лъагъэсащ. Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджьІакІуэхэу Бозиевэ Лейлэрэ Бичекуевэ Альбинэрэ.

Къэпщытакіуэ гупым хэтхэм ныбжьыщІэхэм зыхуаГъэзащ хъуэхъу псалъэкІэ, ґащІэм къащыхуэсбэпын чэнджащ щхьэпэхэри ираташ.

- Нобэ тлъэгъащ ныбжьыщІэхэм зэфІэкІ хэхъанынэ, гупсысэ бзыгъэ, гугъэ гуапэхэр зэраІэр. АдэкІэ лъэбакъуэхэр ячынщ нэхьри тегушхуауэ, фІэщхъыныгъэ яхэлъу. Мурадхэр зи гум щыз щІалэгъуалэм уакІэлъыплъыныр гупсэхугъэущ, - жиІащ Сыжажэ Алим.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Щэнхабзэ

Щомахуэр Къэхъун къуажэм щагъэлъапІэ

Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м иджыблагъэ щекІуэкІащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, усакІуэ, уэрэдыс, зеикъуэдэс Щомахуэ Хьэсэнбий теухуа пшыхь.

ЗЭХУЭСЫМ ирихьэлІэу КЪБР-м и цІыхубэ артист, композитор Хьэлупэ ДжабрэІил, КЪБР-мрэ КЪШР-мрэ я цІыхубэ артист Мэремыкъуэ Хьусен, КЪБР-м и цІыхубэ артист, драматург-уэрэдыс Думэн Мурадин, «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджьІакІуэ гупым хэтхэр, цІыхубэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащІэ Іэпыч Іелиуас, нэгъуэщІхэри.

Къэхъундзсхэм ахэр адыгэ джэгуКІэ ирагъэблагъащ. ХьэІупэ ДжабрэІил зэхуэсыр къыщыІэІуихыным, ныбжьыщІэхэм нэхъ гъунэгъуу Щомахуэ Хьэсэнбий иригъэцІыхуащ. Апхуэдэуи, ДжабрэІил кьеджащ езым итха усэ зыбжанэ.

Къэхъун къуажэм дэт библиотекэм и унафэщІ Пхъэшх Светланэ хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ, абыхэм я Іэщіагъэм щІэныгъэмрэ цІыхухэр зэрыригушхэри жиІащ. Пхъэшхэм къыхигъэщащ щІэблэмрэ нэхъыжьхэмрэ щыізэхьхьэ апхуэдэ Іуэхухэм мыхьэнэшхуэ яІэу къызэрыльытэр.

Адыгэ уэрэдыжьхэр жаІащ «Шэджэм псыкъелъэхэр» гупым, Щомахуэ Хьэсэнбий, Іэпыч Іелиуас сымэ. ЦІыкІухэм яку ирихьащ Думэн Мурадин игъэуза «Зэгъунэгъухэр» гушыІэ теплъэгъуэр. Мэремыкъуэ Хьусен Щомахуэ Хьэсэнбий и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэд зыбжанэ жиІащ.

Къэхъун къуажэм и щІыпІэ адміни страцІэм и Іэтащхьэ Щэрмэт Мухьэмэд артистхэмрэ хьэщІэхэмрэ ехъуэхъуащ адэкІи ехъулІэныгъэ яІэну.

БЛАНАУЭ Іэдэм.

● Банк Іуэхухэр

ЩІыхухэм ягу ирохь

ПсэупІэ къащэхун папщІэ ипотекэ щІыхуэ къэзыщтэхэм защІэгъэкъуэным теухуауэ республикэм и Правительствэм щІыгъуу игъэзащІэ программэм хыхьэу, мазиплІ кІуам Іуэхущ Іапі эм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхуэхэм кредит 36-рэ яриташ. Псори зэхэту сом мелуан 34,5-м щІегъу. Апхуэдэу сом мелуан 62-рэ зэрыхухахьну тхыльхэм банкым щыхоплъэ.

КАВКАЗ Ищхьэрэ банкымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэщІыгъуу игъэзащІэ программэр анэ мылъку зратхэн папщІэ хэхауэ яГъэхьэзыращ. ЩІыхуэм щхьэщатыкІыпхъэхэр хуагъэмащІэ - абы щыщ Іыхьэ щІыналъэ бюджетым къыхокІ. А Іуэхум мыгъэрей республикэ бюджетым сом мелуани 4,5-рэ щыхухахащ.

- Мыпхуэдэ щІыхуэ тыкІэр республикэм и цІыхуэхэм ягу ирохь. А Іэмалыр кьэзэгъэсэбэпри, унагъуэ 65-м нэгъабэ я псэупІэкэр ирагъэфІэкІащ, псори зэхэту кредиту сом мелуан 64-рэ къагъэсэбэпащ, - къыгъэлъэгъуащ Урысейм и ХьэмалІэ банкым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

● Бахъсэн щІыналъэ

ЖыгыщІэ 500



Бахъсэн районым и жылагъуэхэр зэІузэпэщ щыным, щхьэнтІагъэхэр гъэтІысыным теухуа щэбэт щІыхьэхэм цІыху 800-м щигъу хэтащ.

МУНИЦИПАЛЬНЭ къулыкъущІэхэм, еджакІуэхэмрэ ЩхьэжадэзсэкІэм лъэс зекІуэнІэхэр, зэпрыкІыпІэхэр яГъэхьэзащ, ґъуэгубгъуэхэр зыхуэй хуагъэзащ, жыгхэм, бордюрхэм сэху ираташ. ПщэнкІий идзыпІэхэр щагъэсен щІыпІэхэм, кьуажэ уэрамхэмрэ ґъуэгухэмрэ декІуэкІыу жыгыщІэ 500 щыхасащ.

- Аргуэру жыг 200 дГъэтІысыну ди мурадщ, - къыхигъэщащ Бахъсэн районым администрацэм и Іэщіагъэл Шыбзыхъуэ Заур.

ТкІэпхъуэнхэр «Бахъсэн мэз хозяйствэ» ГКУ-м и унафэщІым и къуэдзэ Шымэзокъуэ Адмир къариташ.

АБАЗЭ Лерэ.

● Фэеплъ

Гуапагъэмрэ хахуагъэмрэ я уэрэдгъэІу

Апхуэдэу зыфІащащ зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ Мечиев Кязим и цІэр зезыхьэ ныбжьыщІэ библиотекэм, мы гъэр зи илъэсу яГъэува КІыщокъуэ Алим и фэеплъу. Ар къызэригъэпэщат Іуэхущ Іапі эм и лъахэхутэ къудамэм икІи абы и лэжьакІуэ Машэжь Лианэ иригъэкІуэкІащ.

УСАКІУЭМ и гуащІэм ар тепсэльыхьа иужь, зэІущІэм къырихьэлІахэм ирагъэльэгъуащ Алим игъэлапІэу щыта Іуэхугъуэхэр зи лъабжьэ, Іыхьлыхьэмрэ лэжьэгъуэхэмрэ я гупсысэхэр къыщыІуэта документальнэ фильмыр. Абы наІуэу зыкІыщІэльэгъуащ ЩІыкІэр зыхуащІ тхакІуэу, усакІуэу, къэрал лэжьакІуэу зэрыщытам къыдэкІуэу, ныбжьэгъу телъыджэу, къуэ гумащІэу зэрыпсэуар.

ИтІанэ утыкур хуит хуащІащ Налшык и курыт еджапІэ №30-м и гъэсэн цІыкІухэм. Ахэр кьеджащ КІыщокъуэ Алим и усэу урысыбзэкІэ зэрадзэкІахэм ящыщ зыбжанэ.

- Си щхьэкІэ сцІыхуу щытащ Алим икІи абы грогушхуэ, - жиІащ псалъэ щратым КЪБР-ми УФ-ми щІыхь зиІэ я артистхэ Тауженовэ Галинэ. - Абы и ныбжьыр илъэс 80 щрикъур щагъэлъапІэм, сыбґырысу утыкум сисат, кьрат удэ гъэгъахэр кьеІыхсыу. МащІэми, абыи сроин. КьыхэзгъащІэу сыхуейт КІыщокъуэм и илъэсу ягъэува 2014 гъэм кьриубыдэу, абы и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэд зырыз нэхъ мыхъуми, жаІэну си гъэсэнхэм кьалэн зэрращысщІар икІи ар я гуапэу абыхэм зэрагъэзащІэр. Нобэ апхуэдэ зыбжанэм я зэфІэкІ фэдгъэльпъагъунущ.

Галинэ дыкъызэрригъэгуфаеи, фэеплъ пшыхьым ирихьэлІахэм ди гукъыдэжьыр кьаІэтащ ГъуэздджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ хуэзащ институтым ЩэнхабзэмрэГъуэздджэхэмкІэ и колледжым и студентхэм. Кунах Аня, Хапаевэ Лейлэ, Хьэлыкъуэ Фаинэ, Атмурзаевэ Танзиля сымэ жаІащ «Зажги, любовь, еще одну звезду», «Си адыгэ хэку», «Белая голубка» уэрэд цІэрыІуэхэр. «Ладонь для птиц» уэрэдыр гум дыхьэу жиІащ Галинэ дэж зэрызыщІагъэсэрэ мазэ зы-тІу фІэкІа мыхъу Лъэмытхъэщ Амырхъан цІыкІу.

ИСТЭПАН Залинэ.

Зэзыгъэзэхуэж

2014 гъэм накъыгъэм и 15-м кьыдэкІа „Адыгэ псалъэ" газетым я япэ напэкІуэцІым тет „Къэралым гулъытэ къыхуецІ" тхыгъэм и етІуанэ сатырым хэт унэцІэм къызэреджэн хуейр „**Чочаев Хьызыр Хьусейн и къуэм**" жиІэущ.

Панюковым топыр дегъэкІ.

● Футбол

МазитІ зэхудипІалъэщ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мордовия» (Саранск) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 15-м. Щіыху 4600-рэ еплъащ.

Судьяхэр Волошин (Смоленск), Пищулин (Ульяновск), Болховитин (Ленинград область).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Мэкъуауэ, Абазэ, Костин, Джикие, Рябокобыленко, Султонов (Чхапелие, 57), Киреев (Рухайе, 77), Щэуей (Сирадзе, 54), Чуперкэ, Болэ (Панюков, 61).

«Мордовия»: Шебанов, Перендие, Димидкэ, Будников, Эдиев, Пазин, Бобер, Мухаметшин (Ваганов, 73), Иванов, Луценкэ (Терентьев, 46), Самодин (Маркин, 46).

Топыр дигъэкІащ: Панюковым, 76 (1:0).

Дагъуэ ящыхьащІащ Эдиевым, Сирадзе, Панюковым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекІуэкІа зэхьэзэхэм и иужьрей зэІущІэм «Спартак-Налшыкым» кьыщыгъэблэгъат зэпеуэм пашэныгъэр пасэу къыщыІэныжу премьер-лигэм щыджэгу-ну хуитыныгъэ зыгъуэта Саранск и «Мордовия»-р. ЛьэныкъуитІми я кьалэнхэр зегъэзэщІауэ зэрырихьэлІам къыхэкІыу, а джэгуГъуэр зэныбжьэгъуГъэ зэхуэзэм нэхъ ещхьащ.

Командэхэм зэхэыджэрыну хущІэкъу пэтми, абы хэтхэр я псэкІэ зыгъэпсэхуГъуэ лъэхъэнэм хузэхьэзырт. Аращ гуГъуи зрамыгъэхьащІу икІи зэпэщІэмыуващІу сыхьэтым щІигъкІэ джэгуПІэ губГъуэм ахэр щитар. Пэжщ, а лъэхъэнэм кьриубыдэу лъэныкъуитІри кьыхэжаныкІысфыну щытащ, арщхьэкІэ ґуащхьэхуэмэхэрэ ґуащхьэтетхэмрэ бэлэрыгъакъым. Псом хуэмыдэу фІыщІэ щхьэхуэ хуэфащэщ налшыкдзсхэр мызэ-мытІэу кьезыгъэза Цыган Николай.

ПщІэ щІамыту зэрырагъэхьам и фІыгъэкІэ, «Спартак» стадионым вэсэмахуэ цІыху куэд кьыщыізэхуэсат. Абыхэм ди командэр увыІэгъуэ имыІэу трагъэгушхуэрт. ИкІи ар пщІэншэ хьэкъым - 76-нэ дакъикъэм Панюков Андрей и закъуэу хьэщІэхэм я ґуэм бґъэдыхьэри, бжыґъэр кьызэІуихащ.

Топ кьыхудаГъэкІа иужькІащ «Мордовия»-м ерыщагъ щызыхьилъыхьар. Ар хущІэкъуащ нэхъ мыхъуми бжыґъэр зэхуэдэ ищІыжьну. Абы пэґъунэґъу дыди хьуат. АрщхьэкІэ аргуэру Цыган ди командэр кьриґъалащ.

Арати, иужьрей джэгуґъуэми щытекІуэри, епщІанэ зывыпІэр иІыґъыу «Спартак-Налшыкым» мыґъэрей зэхьэзэхуэр ихуащ. ЩІымахуэм кьызэрыхутауэ щыта щытыкІэр уигу кьэбґъэкІыжкмэ, ар Іейкъым.

АдэкІэ ди щІалэхэм зы мазэкІэ заґъэпсэжнурэ, кьыкІэлъыкІуэ зэхьэзэхуэм зыкъуэґъэхьэзырыр щІадзэнущ. Хэт сымэ - «Спартак-Налшыкым» кьыхэнэнуми, командэм мылъкуу кьыхуаутІыпщынкІ кьыздрахьныр, зэкІэ зэхэкІауэ щытткъым. Абыхэм уамыґъэпІейтейуэ кьанэркъым, ауэ, сыт щыґъуи хуэдэу, фІым дыщыґуґъынщ. 2014 - 2015 гъэхэм екІуэкІыну зэхьэзэхуэм щІидзэным мазитІ иримыкъу иІэжу аращ икІи абы и пэ кьихуэу ди командэм ехьэлІа ґуґъуэхь псори лъэныкъуэ ещхьэзэн хуейщ.

Иджы щыґъуаз фхуэущІыщІ япэ дивизионым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІа кІэух зэІущІэхэм кьрикІуа бжыґъэхэм. Мис ахэр: «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **5:1**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Уфа**» (Уфа) - **0:3**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Шинник**» (Ярославль) - **2:2**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Газовик**» (Оренбґъг) - **1:4**, «**Салют**» (Белгород) - «**СКА-Энергия**» (Хабаровск) - **0:3**, «**Ротор**» (Волгоград) - «**Енисей**» (Красноярск) - **1:0**, «**Торпедо**» (Мэзкуу) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **0:0**, «**Арсенал**» (Тулэ) - «**Динамо**» (Санкт-Петербґъг) - **0:1**.

Мыґъэрей зэхьэзэхуэм кьрикІуаэхэм япкъ иткІэ, «Мордовия»-мрэ «Арсенал»-мрэ премьер-лигэм кІуащ. ҐуП нэхъыщхьэм хьыхьэну Іэмал яІэщ «Торпедо»-мрэ «Уфа»-мри. Ар кьэйхьуІІэн папщІэ зэпэщІэуэ зэІущІэхэм ахэр Самарэ и «Крылья Советов»-мрэ Томск и «Томь»-мрэ щытекІуэн хуейщ.

Зэхьэзэхуэм езыр-езыру хэкІыжа Новокузнецк и «Металлург-Кузбасс», Белґоод и «Салют», Владикавказ и «Алания»-м кьищынэмыщІауэ, япэ дивизионыр ирагъэбґъащ Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ Нижнекамск и «Нефтехимик»-мрэ. Абыхэм я пІэр яубыдынущ етІуанэ дивизионым и командэ нэхъыфІитхум.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Мордовия»	36	22	7	7	59-30	73
2. «Арсенал»	36	21	6	9	62-39	69
3. «Торпедо»	36	19	8	9	45-22	65
4. «Уфа»	36	17	10	9	46-35	61
5. «Газовик»	36	17	10	9	46-28	61
6. «Шинник»	36	17	6	13	47-37	57
7. «СКА-Энергия»	36	15	11	10	40-25	56
8. «Луч-Энергия»	36	15	10	11	37-29	55
9. «Балтика»	36	14	12	10	39-31	54
10. «Спартак-Налшык»	36	13	12	11	36-34	51
11. «Сибирь»	36	13	12	11	38-39	51
12. «Алания»	36	14	4	18	29-55	46
13. «Енисей»	36	12	9	15	40-47	45
14. «Динамо»	36	12	7	17	38-46	43
15. «Ротор»	36	10	11	15	43-40	41
16. «Химик»	36	10	7	19	29-49	37
17. «Нефтехимик»	36	7	12	17	38-45	33
18. «Салют»	36	6	9	19	23-56	27
19. «Ангушт»	36	3	5	28	23-78	14

● Зэ ІущІэ нэужьым

МАКСИМОВ Юрий,

«Мордовия»-м и тренер нэхъыщхьэ:

ЩІалэхэр мэбэлрыгъ

- Къыдэплъыну къэкІуахэращ нобэ дыщІэдэжгуар. «Спартак-Налшыкым» и текІуэныгъэмкІэ дохъуэхъу. Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр къызэрыщытыкІар пасэІуэу наІуэ хъури, абы ди щІалэхэр игъэбэлрыгъащ. Зыкъагъэпэгъуэну Іэмал зэтта адрейхэми дыкъагъэпэжакъым. Абы къызэкІыу, премьер-лигэм зыщыдгъэбыдэну дыхуейімэ, зыдгъэлъэщыпхъащ.

БИДЖИЙ Хьэсэнбий,

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Пашэр хэдгъэщІэным дыщІэхъуэпсырт

- Мыґъэрей зэпеуэм щытекІуа «Мордовия»-р хэдґъэщІэну дыщІэхъуэпсырт икІи абы ерыщу зыхуэґъэхьэзыращ. Джэґуґ гуґуу щытами, ди мурадыр кьыдэхьуІащ, щІалэхэм фІыщІэ яхузощІ. Ахэр я хьэрхуэрэгъу ґъэщым зыкІи кьыпикІуэтакъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Накъыгъэм и 21-м Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ ирокъу

Гушхэныгъэ зыхэлъ адыгэхэр

Адыгэ тхыдэр, щэнхабзэр, анэдэлъхубзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр, лъэпкъым къыззэринэкIа щIэныгъэ щхьэпэр зэхуихьэсыжын мурадкIэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыдигъэкI «Черкесика» тхылъ IэрамэМ щыщ зы мыгувэу дунейм къытехьэнущ.

Хуитыныгъэр зи щIасэ адыгэ лъэпкъым зауэм и пэкIэ иIа щыIэкIэ-псэукIэр, унагъуэм щызэрихьа хабзэхэр, гъунэгъумрэ хьэщIэмрэ, биймрэ ныбжьэгъумрэ зэрахущытар, Кавказ щIыналъэм абы щиIыгъа увыпIэмрэ щиIа пщIэмрэ дунеяплъэхэм, щIэныгъэлIхэм, динырылажьэхэм, усакIуэхэм, зэрыпхъуакIуэхэм, тIасхъэщIэххэм ягу къызэринэжар, дауи, зэщхькъым. Абы нэхъ гъэщIэгъуэныж ищIыну дыщогуть щIэныгъэ тхыгъэшхуэхэр игъэкъарууну хущIэмыхьэ нобэрей тхылъеджэм папщIэ кIэщIрэ щэрыуэу дыдэ лъпкъым теухуа псалъэ гукъинэжхэр щызэхуэхьэса «Адыгэхэм ятеухуааз» тхылъыщIэм и пычыгъуэу фи пащхьэ итлъхьэр.

АДЫГЭХЭР лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм я тхыдэр апхуэдизкIэ жыжьэ зоIэбэкIыжри, Китайм, Мысырым, Кьэжэрым я гугъу умыщIмэ, адыгэхэм я блэкIам елъытауэ, дэтхэнэ зы хэкуми зи гугъу ящIхэр дыгъуасэрей хьыбарщ.

Адыгэхэр нэгъуэщI телъыджэ гуэркIи псоми кьахоу: ахэр зэрыпхъуакIуэм и унафэ зэи щIэтакъым. ИкIуэтащ, къуакIэбгыкIэхэм зыщагъэпщкIуащ, къаруушхуэкIэ ираудыхащ, ауэ я хабзэхэм я хабзэхэм фIэлIыкIа мыхъумэ, зызыхуэгъэщхьа къару щыIэкъым. Дызэрыт лъэхъэнэми ахэр, я хабзэ зэрахьэжу, я нэхъыжьхэм я унафэ щIэту мэпсэу. Мы лъэпкъыр гъэщIегъуэн зыщI Iуэхущ мыри: щIы хъурейм тет дэтхэнэ лъэпкъри и тхыдэ жыжьэм зэбгъэплъэкIыжмэ, адыгэхэм я закъуэщ щхьэхуиту зэрыщытам щыхьэт техьэуэфу къаехьэкIынур.

БжыгъэкIэ ящыщ мыхъухэми, я щIыналъэм апхуэдизкIэ купщIэшхуэ ехъумэри, пасэрей цивилизацэхэм а лъэпкъыр фIы дыдэу щаслуиу. Адыгэхэм я гугъу ящI Геродот, Флакк, Помпоний, Страбон, Плутарх сымэ хуэдэ тхакIуэ щэджащэхэм.

Ильэс минитIрэ щищым щIигъуэуэ дунейм нэхъ пьэрызехьэу тета тепщэжм щахъумэфа хуитныгъэм и лIыхъужь пшынальэщ абыхэм я IуэрыIуатэр, таурыхъэр, хъыбарыжьхэр.

«Глисон и сурэт журнал», *Лондон. 1854 гъэ*

СЫТУ лъэпкъ телыджэ хъунут мыхэр, Iэпкълъэпкъым и дахагъым зэреIалIэм хуэдэу, псэм и дахагъым елаIэу щытыгъэмэ! Iэпкълъэпкъ дахагъым и гугъу пщIымэ, европэ щэнхабзэм щIалIыкIа дэ, адыгэхэм дарельытауэ, дыльагъуъуейщ.

БОДЕНШТЕДТ Фридрих, *нэмыцIэ усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ. 1855 гъэ*

МЭЗДЭГУ яухуэныр Черкасский-Къаншокъуэ пщыхэм я унэцIэм епхащ. Тэрч и сэмэгу Iуфэм Урыс тетыгъуэм и цIыхухэр иригъэтIысхьэну мурад щищIам, абдеж къэбэрдеипщэм я лIыкIуэ, Джылахъстэнейр зыIэщIэлъ Къаншокъуэ КӀургъуокъуэ езым и нэIэ щIэт унагъуэ плIыщI здишэу Iэпхъуэну арэзы хъуащ, осетинхэр, шэшэнхэр, нэгъуэщI бгырыс лъэпкъ гуэрхэри къытригъэхьэну дыкъигъэгугъэщ. КӀургъуокъуэ а зэман дыдэм чыристан диным кьихьэри, «Андрей Иванович» цIэуэ фIащащ. Полковник ящIщ, улахуэ хъарзынэ хуагъэувщ, дышэ медаль иратри, «Черкасский-Канчокин-князь» хуэсщ.

Абдежым быдапIэ щыдухуэну тынш хъун папщIэ, Къаншокъуэр хуит ящIащ щыгIысыну щIыпIэр езым кьыхихьыжну. Ухуэныгъэхэр екIуэкIыхьу, кьуажэмрэ пIъырыпIэмрэ и пщэ далъхьащ Гак Петр подполковникым. Черкасский Къаншокъуэ-пщы Андрей Ивановичым Мэздэгу уэхыр кьыхихащ. 1763 гъэм плъырыпIэр ухуэн яухащ, члисэ дэту зы кьуажэ щIыкIуи кьедзауэ. Кавказым иужькIэ щедгъэкIуэкIа дин кьыхуеджэныгъэхэм а члисэм мыхьэнэшхуэ щиIэну и натIэт.

ПОТТО Василий, *урысыдзэм и тхыдэтх. 1829 - 1864 гъгъ.*

КЪЭБэРДЕЙ адыгэхэр хахуэщ, цIыху пэжжэщ, лей зехьэн, цIыхум ебзэджэкIын хьэл ихьэлкъым. Ахэр лъагъуэгуафIэхэщ, я теплъэм егъэлеяуэ иолIалIэ. ЗыхэпэкIэ зыщIэ бгырысым «къэбэрдейм ещхьу хуэпащ» щыхужаIэ Кавказым. Абыхэм Iэбэкъ дахэ яIэщ, хьэл-щэн гуакIуэ хэIэтыкIа ядыболъагъу, ищхьэкIэ зэрыщыкьытIащи, цIыхугъэ лъагэр къыдалъхуауэ я щэнщ. Адыгэм ззэзмыззэххэщ пцIы щиупсыр, и бий нэгъунэ пэж фIэкIа жриIэркъым.

ЛАВИНЦЕВ Александр, *урыс тхакIуэ, журналист, усакIуэ. 1904 гъэ*

УРЫСХЭМРЭ кавказырысхэмрэ я зэхуэщытыкIэм дыщытепсэлъыхькIэ, ар зызыужьа лъпкъыр лъэпкъ къыкIэрыхуэхэм зэрадекIуэкIам теухуа хъыбару зэрыщымытыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. А лъэхъэнэм къззакъхэр я зыужьыныгъэкIэ кӀуумыкъуэхэмрэ шэшэнхэмрэ яхуэдэт, шэч хэмылIуи, кьэбэрдейхэмри къэбэрдеипщэм я жьIэм щIэта адрей адыгэ лъэпкъхэми фIыуэ кьакIэрыхурт. Къэбэрдейр гъунапкъэм Iус къззакъхэм я плIанIэт, абы кьыщежьэр я щапхъэу. Къэбэрдейхэращ къззакъ зауэлIым и шыфэлIыфэри, зэуэкIэри, шы гъэсакIэри, нэгъуэщI-кьинэмыщIхэри кьызыIихар. Попко Иван зэрыжиIэмкIэ: «Къззакъхэр гъунэгъум хуеплъэкI зэпыту псэухэрт, кьуентхъыи и гъусэу я хабзэ куэд кьащтауэ. Унэхэращи, урыс унэ лъахъшэхэр ящIыжьихэртэкъым. Абыхэм я пIэ кьиуват пэш щхьэхуэхэр зиIэж, зи гупэм пырхъуэ кIыхь кьыIут адыгэ унэ зэлъашIуахэр».

БАДЕЛЛИ Джон, *инджылыз дунеяплъэ, тхакIуэ. 1908 гъэ*

КЪЭБэРДЕЙ адыгэхэр адрей бгырыс лъэпкъхэм щIэныгъэкIи зыужьыныгъэкIи я щапхъэщ. Абы кьыхэкIыу, къэбэрдей цеим и дыкIэр яхъуэжьыу, бгырыс псоми а зэхъуэкIыныгъэр къыззэдащтэ.

ДАНИЛЕВСКИЙ Николай, *урыс щIэныгъэлI, тхакIуэ. 1846 гъэ*

АДЫГэ бзыльхъугъэхэм я дахагъыр щыгъыным щIрагъэхъумэми, абы кьикIыркъым я хьэл пажэр - кьеплъыр кьыдахьэхыныр - зыханыпаэ. Абыхэм я нэкIуипхъуэр уэсым хуэдэу хужьщ, данэм е щэкI нэхъыфI дыдэу ягъуэтым кьыхэщIыкIащ. Адыгэ фащэм и Iыхьэ нэхъ лъапIэу яльытэ я щIыуПтелъыр европэм щащI цIыхэкIэхэм кьыхах, мылькъум Iэмал къаззэрыритым елъытауэ щIэращIу икIи лIэужьыгъуэфIу.

БЕ́ЛЛ Джеймс. *инджылыз тIасхъэщIэх. 1840 гъэ*

ЛъЭПКЪ щхьэхуитым кьыхэкIа адыгэм и дежкIэ адэжь щIыналъэр Iуныпапкъэнщэщ. И Хэкур зыми и унафэ щIэмыту, езым хуэдэ гъунэгъу лъэпкъхэм ззэуэфуекIужьфу щилъагъукIэ, адыгэм и щхьэ пщIэ хуещIыж, абы иропагэ. Хамэ щыIпIэ кьикI хабзэхэр зыхуигъэфащэркъым, езым и Хэкум ироуардэ, сэбэпынагъ кьикьу дунейм тетуи зыкъелъытэж. Шапсыгъ я бесльэней ирехъу, «Дэнэ ущыщ?» жыIи адыгэм еупщIи, кьаралыгъуэшхуэ гуэрым и пщым хуэдэу гушхуауэ, игу хэхъуэу кьыщалъхуар кьыбжиIэнущ абы.

ДУБРОВИН Николай, *урыс тхыдэтх, генерал-лейтенант. 1870 гъэ*

1763 гъэм чыристан диным кьихьэу Урысейм щыщ хъуа Джылахъстэнеипщыр яхъумэн папщIэ Мэздэгу деж плъырыпIэ щIыкIу щаухуэри, ар 1770 гъэм быдапIэ абрагъуэ хъуащ. БыдапIэм кьыбгъэдэлъ псэупIэм тэн къззакъ унагъуэу 350-рэ исти, иджыри Индыл къззакъ унагъуэ 517-рэ мобыхэмрэ гъунапкъэ къззакъхэмрэ я зэхуакъ дагъэтIысхьащ. Абыхэм Саратов кьикIа, чыристанагъэ къэзыщта кьалмыкъ унагъуэ 200-р я гъусэу, Мэздэгу Къзазакъ Полкыр быхэкIащ. Урысейм Мэздэгур Белград Зэгурыуэныгъэм ипкъ иткIэ кьыльысу кьипльытэрт. Кьэбэрдеипщэм ар езыхэм ящIу яльытэжырт икIи зауэхэр: зэращIэжрэ абы Iэш щагъэхъуу, мэз щыпаупщIу кьеКIуэкIат. Абыхэм яхуеГъэхыртэкъым урысхэм абыхэм я щIым быдапIэ зэрыращIыхьар. Ауэ Мэздэгур пщылI щIэпхъуэжахэм я екIуэлIапIэ ящIа нэужь, кьышIуэпхапэщ. Бытырбыхуу лIыкIуэ ягъэкIуащ зэрымыарззыхэр жаIэу. АрщхьэкIэ жэуап плъыхьикIа кьыщрамытым, 1765 гъэм щегъэжьауэ 1779 гъэ пщIондэ урысхэм кьатеуэныр хабзэ яхуэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр наIуэт: къэбэрдейхэр абдеж щыпсэу лъэпкъхэм зыужьыныгъэкIэ кьахэщыт, хахуагъэкIи кьатекIуэн щыIэтэкъым.

БАДЕЛЛИ Джон.

АДЫГЭР хахуэщ, гушхуэныгъэ хэлъщ, ауэ пщIэншэу лъы игъэжэн фIэфIкъым, игукIи бзаджэкъым. ЗекIуэ кIуэрейщ, арщхьэкIэ и Хэкум пэIэщIэныр и жагъуэщ. И гур здэщыIэр я мэзхэмрэ бгыхэмрэщ. И щхьэхуитныныгъэр насыпэ нэхъ ин дыдэу кьеГлыьтэ. Щабэу уеПсалъэмэ, сабийм хуэдэу кьыпхуэгъэпIэнущ, уепхъэшэкIми, игу тригъэхуэфынущ, захуагъэм уемыбакъуэ закъуэмэ. И зэуэкIэм кьыхуэкIэм фIолIыкI, нэгъуэщIым и хахуагъэм пщIэ хуещI, ар и бийуэ щытми. Махуэ псом уэрэд къришу, и мылъкуи и уни хэкIуадэми кьыфIэмыIуэхуу, шыр игъэджэгуу дэту кьыпфIэщIми, ар и унагъуэм гурэ псэкIэ зэупэжщ. Адэ-анэм зэредаIуэмкIэ, унагъуэм щиукъуэдиИф зэгурыIуэмкIэ дэтхэнэ лъэпкъ зызыужьауэ зызыльытэжми щапхъэ хуэхъуфынущ.

ЛАПИНСКИЙ Теофил, *адыгэхэм къащхьэщыжыну Польшэм кьикIа лыхьыдзэм и унафэщI, полковник. 1857 гъэ*

ХУИТЫНЫГЪЭМРЭ зэуэн-бэнэныМрэ итхъэкъуа адыгэ хьэлым зыри пэлъэщыркъым. Я Iэпкълъэпкъэр жырым хуэдэу псыкьарэ Iэщэмрэ шымрэ хуэIэкIуэлъакIуэ зэрыщIыкIуэрэ кьыдокIуэтейхэри, абыхэм я дежкIэ биим утекIуэным нэхърэ нэхъ насыпрэ кьобгъэрыкIуам ущышынэу уикIуэтыным нэхъ напэтехрэ щыIэкъым.

ТЭБУ де МАРИНЬИ Жан-Виктор-Эдуард, *франджы дунеяплъэ, Нидерланд къэралым и лIыкIуэ. 1818 гъэ*

БАХЪСЭН дыщыкIуэм псыежэх щыкIу зыбжанэм дыззэпрыкIын хуей хъуащ, метр 20-30 фIэкIа я мыбгъуагъуэ. Ди дзэпщым лъэсыдзэр псым зэприщу аратэкъым, Iэщым хуэдэу хихуэрт. Уаем зыкъыдигъэщIащ: нэрыбгэ 1500-м я лъакъуэхэр пигъэщтыкIащ. Абыхэм офицер куэд яхэтт, ауэ я нэхъыбэр шутэкъым, лъэсыдзэм щыщт. Ардыдзэр кьащыщIащ Ладыженский полковникым, подполковник Кек, офицерибгъум, сэлэтрэ унтер-офицеру нэрыбгэ 900-м. Пщылхъэщхьэм Бахъсэн дынэсащ. ИгъащIэм апхуэдэ псы уэр сльэгъуакъым. Бийм иджыри дыхуэзакъым, дыкъыззэралъагъуу, щтапIэ ихьэжахэщ. Си полкым щыщ сэлэтращ кьыкIэрыхуати, ди насыпныншагъэкIэ, биидзэм IэщIэкIуэдащ.

Шуудзэр ику иту, «каре» щыкIэу гупищу дыкъеувэкIри, Бахъсэн пэмыжьжьэу нэху щыдгъэщащ. Уэсыр лъэхэным фIэкIырт. ЕтIуанэ махуэм датеуэну зэрыгупу дежьащ. ЩIыIэм исахэр къззакъыщхэм тесу яшэрт. Бахъсэнэпсым дызэпрыкIри, адыгэ къуажэ зыбжанэм задэдгуэшащ. Къуажэдэсхэр дэкIами, мэкъумылэшхуэрэ мэлу мин 20-м нэсрэ абыхэм кьыщыдгъуэтри, ахэр зэрахурикъуэкIэ дзэм тедгъэшащ. Километр тIощI хуэдизкIэ дыкIуауэ, бгы лъапэ гуэрым деж щылъ кьуажэшхуэм дыкьыщыувыIащ 30-нэ махуэм. Мырат кьыздэкIуар бгырыс мин ящIыгъуу, икIуэта пщыхэу Шамгъарымрэ Мысостымрэ. Ди тетым зратыну лIыкIуэхэр кьагъэкIуащ абыхэм, сыт япэрмыбыдми, Iэ щIадзыну хьэзырхэу жаIэри. Згурыуэзэрри, пщыхэм дзэр кьеувэкIауэ тхъэ яIуащ, я фейдэ зыхэмыльыххэ зэгурыуэныгъэми яфIэмыфIурэ Iэ щIадзащ. Абы ипкъ иткIэ иджы Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я гъунапкъэу Балъкъэр Тэрчрэ кьоув. Савельев подполковникыр зы ротэрэ къззакъ шуудзэ зыбжанэрэ щыгъуу Джылахъстэнейм кIуащ ахэри урысым и лъабжьэ щIагъэувэну.

ШТРАНДМАН Густав, *Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ, тхыдэтх. 1779 гъэ*

АДЫГЭЛIЫМ и кьару илъыгъэм дежкIэ щыхубзыфэ кьытезыгъэуэн псоми, уебгъэмэ щхьэгъусэмрэ бынымрэ ябгъадэсу унэм щIэсыным, зыщедзэй. Абы кьыхэкIыу, щIыIэри, хуабэри, мэжалIэри кьыщIэIуэхуэпахэщ. Бытырбыхуу лIыкIуэ ягъэкIуащ зэрымыарззыхэр жаIэу. АрщхьэкIэ жэуап плъыхьикIа кьыщрамытым, 1765 гъэм щегъэжьауэ 1779 гъэ пщIондэ урысхэм кьатеуэныр хабзэ яхуэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр наIуэт: къэбэрдейхэр абдеж щыпсэу лъэпкъхэм зыужьыныгъэкIэ кьахэщыт, хахуагъэкIи кьатекIуэн щыIэтэкъым.

БАДЕЛЛИ Джон.

АДЫГЭР хахуэщ, гушхуэныгъэ хэлъщ, ауэ пщIэншэу лъы игъэжэн фIэфIкъым, игукIи бзаджэкъым. ЗекIуэ кIуэрейщ, арщхьэкIэ и Хэкум пэIэщIэныр и жагъуэщ. И гур здэщыIэр я мэзхэмрэ бгыхэмрэщ. И щхьэхуитныныгъэр насыпэ нэхъ ин дыдэу кьеГлыьтэ. Щабэу уеПсалъэмэ, сабийм хуэдэу кьыпхуэгъэпIэнущ, уепхъэшэкIми, игу тригъэхуэфынущ, захуагъэм уемыбакъуэ закъуэмэ. И зэуэкIэм кьыхуэкIэм фIолIыкI, нэгъуэщIым и хахуагъэм пщIэ хуещI, ар и бийуэ щытми. Махуэ псом уэрэд къришу, и мылъкуи и уни хэкIуадэми кьыфIэмыIуэхуу, шыр игъэджэгуу дэту кьыпфIэщIми, ар и унагъуэм гурэ псэкIэ зэупэжщ. Адэ-анэм зэредаIуэмкIэ, унагъуэм щиукъуэдиИф зэгурыIуэмкIэ дэтхэнэ лъэпкъ зызыужьауэ зызыльытэжми щапхъэ хуэхъуфынущ.

ЛАПИНСКИЙ Теофил, *адыгэхэм къащхьэщыжыну Польшэм кьикIа лыхьыдзэм и унафэщI, полковник. 1857 гъэ*

ХУИТЫНЫГЪЭМРЭ зэуэн-бэнэныМрэ итхъэкъуа адыгэ хьэлым зыри пэлъэщыркъым. Я Iэпкълъэпкъэр жырым хуэдэу псыкьарэ Iэщэмрэ шымрэ хуэIэкIуэлъакIуэ зэрыщIыкIуэрэ кьыдокIуэтейхэри, абыхэм я дежкIэ биим утекIуэным нэхърэ нэхъ насыпрэ кьобгъэрыкIуам ущышынэу уикIуэтыным нэхъ напэтехрэ щыIэкъым.

ТЭБУ де МАРИНЬИ Жан-Виктор-Эдуард, *франджы дунеяплъэ, Нидерланд къэралым и лIыкIуэ. 1818 гъэ*

БАХЪСЭН дыщыкIуэм псыежэх щыкIу зыбжанэм дыззэпрыкIын хуей хъуащ, метр 20-30 фIэкIа я мыбгъуагъуэ. Ди дзэпщым лъэсыдзэр псым зэприщу аратэкъым, Iэщым хуэдэу хихуэрт. Уаем зыкъыдигъэщIащ: нэрыбгэ 1500-м я лъакъуэхэр пигъэщтыкIащ. Абыхэм офицер куэд яхэтт, ауэ я нэхъыбэр шутэкъым, лъэсыдзэм щыщт. Ардыдзэр кьащыщIащ Ладыженский полковникым, подполковник Кек, офицерибгъум, сэлэтрэ унтер-офицеру нэрыбгэ 900-м. Пщылхъэщхьэм Бахъсэн дынэсащ. ИгъащIэм апхуэдэ псы уэр сльэгъуакъым. Бийм иджыри дыхуэзакъым, дыкъыззэралъагъуу, щтапIэ ихьэжахэщ. Си полкым щыщ сэлэтращ кьыкIэрыхуати, ди насыпныншагъэкIэ, биидзэм Iэщ1экIуэдащ.

Шуудзэр ику иту, «каре» щыкIэу гупищу дыкъеувэкIри, Бахъсэн пэмыжьжьэу нэху щыдгъэщащ. Уэсыр лъэхэным фIэкIырт. ЕтIуанэ махуэм датеуэну зэрыгупу дежьащ. ЩIыIэм исахэр къззакъыщхэм тесу яшэрт. Бахъсэнэпсым дызэпрыкIри, адыгэ къуажэ зыбжанэм задэдгуэшащ. Къуажэдэсхэр дэкIами, мэкъумылэшхуэрэ мэлу мин 20-м нэсрэ абыхэм кьыщыдгъуэтри, ахэр зэрахурикъуэкIэ дзэм тедгъэшащ. Километр тIощI хуэдизкIэ дыкIуауэ, бгы лъапэ гуэрым деж щылъ кьуажэшхуэм дыкьыщыувыIащ 30-нэ махуэм. Мырат кьыздэкIуар бгырыс мин ящIыгъуу, икIуэта пщыхэу Шамгъарымрэ Мысостымрэ. Ди тетым зратыну лIыкIуэхэр кьагъэкIуащ абыхэм, сыт япэрмыбыдми, Iэ щIадзыну хьэзырхэу жаIэри. Згурыуэзэрри, пщыхэм дзэр кьеувэкIауэ тхъэ яIуащ, я фейдэ зыхэмыльыххэ зэгурыуэныгъэми яфIэмыфIурэ Iэ щIадзащ. Абы ипкъ иткIэ иджы Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я гъунапкъэу Балъкъэр Тэрчрэ кьоув. Савельев подполковникыр зы ротэрэ къззакъ шуудзэ зыбжанэрэ щыгъуу Джылахъстэнейм кIуащ ахэри урысым и лъабжьэ щIагъэувэну.

ШТРАНДМАН Густав, *Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ, тхыдэтх. 1779 гъэ*

АДЫГЭЛIЫМ и кьару илъыгъэм дежкIэ щыхубзыфэ кьытезыгъэуэн псоми, уебгъэмэ щхьэгъусэмрэ бынымрэ ябгъадэсу унэм щIэсыным, зыщедзэй. Абы кьыхэкIыу, щIыIэри, хуабэри, мэжалIэри кьыщIэIуэхуэпахэщ. Бытырбыхуу лIыкIуэ ягъэкIуащ зэрымыарззыхэр жаIэу. АрщхьэкIэ жэуап плъыхьикIа кьыщрамытым, 1765 гъэм щегъэжьауэ 1779 гъэ пщIондэ урысхэм кьатеуэныр хабзэ яхуэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр наIуэт: къэбэрдейхэр абдеж щыпсэу лъэпкъхэм зыужьыныгъэкIэ кьахэщыт, хахуагъэкIи кьатекIуэн щыIэтэкъым.

БАДЕЛЛИ Джон.

АДЫГЭР хахуэщ, гушхуэныгъэ хэлъщ, ауэ пщIэншэу лъы игъэжэн фIэфIкъым, игукIи бзаджэкъым. ЗекIуэ кIуэрейщ, арщхьэкIэ и Хэкум пэIэщIэныр и жагъуэщ. И гур здэщыIэр я мэзхэмрэ бгыхэмрэщ. И щхьэхуитныныгъэр насыпэ нэхъ ин дыдэу кьеГлыьтэ. Щабэу уеПсалъэмэ, сабийм хуэдэу кьыпхуэгъэпIэнущ, уепхъэшэкIми, игу тригъэхуэфынущ, захуагъэм уемыбакъуэ закъуэмэ. И зэуэкIэм кьыхуэкIэм фIолIыкI, нэгъуэщIым и хахуагъэм пщIэ хуещI, ар и бийуэ щытми. Махуэ псом уэрэд къришу, и мылъкуи и уни хэкIуадэми кьыфIэмыIуэхуу, шыр игъэджэгуу дэту кьыпфIэщIми, ар и унагъуэм гурэ псэкIэ зэупэжщ. Адэ-анэм зэредаIуэмкIэ, унагъуэм щиукъуэдиИф зэгурыIуэмкIэ дэтхэнэ лъэпкъ зызыужьауэ зызыльытэжми щапхъэ хуэхъуфынущ.

ЛАПИНСКИЙ Теофил, *адыгэхэм къащхьэщыжыну Польшэм кьикIа лыхьыдзэм и унафэщI, полковник. 1857 гъэ*

ХУИТЫНЫГЪЭМРЭ зэуэн-бэнэныМрэ итхъэкъуа адыгэ хьэлым зыри пэлъэщыркъым. Хабзэрэ щэнхабзэрэ Iэщэмрэ шымрэ хуэIэкIуэлъакIуэ зэрыщIыкIуэрэ кьыдокIуэтейхэри, абыхэм я дежкIэ биим утекIуэным нэхърэ нэхъ насыпрэ кьобгъэрыкIуам ирагъашэ. «Адыгэм ещхьу хуэпащ», «Къэбэрдей шу хуэдэщ» кьыхужаIэныр гъунэгъу бгырысым дежкIэ щыхъушхуэщ. Къэбэрдей адыгэм и щыпкъагъым, и зыIыгыкIэ екIуэм, Iэщэ зехьэкIэм, цIыху хэтыкIэм уетхъэкъупэ, шыфэлIыфэкIэ псоми кьаехьэлъдыкI кьэбэрдей адыгэр зэ Iуплъэгъуэм адрейхэм кьаехэпцIыхуукIынущ. Абы и зауэлI IэкъуэлъакIуагъми мынэжь мащIэу узыIэпешэ, щIэж зэримыкIуэтынри уи фIэщ ещI. Ауэ сыт урысхэм кьахуущхэпар жыпIэмэ, емынэ узым зиубгъури Джылахъстэнейр ирильъскIащ, Къэбэрдеишхуэми и лъэр щихащ. ИтIани затауэ фэ зытрагъауэ щхьэкIэ, зэрызауэщIыкIэр яхъуэжа фIэкIа, кьэбэрдейхэм Iэмал закъуи зыIэщIагъэкIыртэкъым урысхэм кьатекIуэну.

ПОТТО Василий.

ЕРМОЛОВ генералым Къэбэрдей гъунапкъэр щIэрыщIэу щиукъуэдиижым, щIэрыщIэу кьыздэтщIеижа ди быдапIэхэм япщкIэ адыгэ къуажэхэр щагъэтIысыну унафэ ищIащ: бгыхэм япэгъунэгъуу, быдапIэхэм ищхьэрэкIэ щыпсэуныр яхуидажьым, къуршхэр зыгъэпщкIуплъэ яхуэхъунущ жиIэри. Арати, къэбэрдейхэм я нэхъыбэр Iэмалыншэу тафэм къытенащ. Апхуэдэу гъунэгъуу ди нэIэ эратетыр зигу темыхуэнуэхэр Псыжь адрыщI щIэпхъуэжахэщ.

БЕЛЬЯМИНОВ Алексей, *Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ. 1837 гъэ*

АДЫГЭХЭМ кьыхэкIыкIэ зэращIэр я фащэми, я Iэщэми, дыжьыным кьыхэщIыкIауэ лъэпшып кьыздрахьэкIэхэми кьыхощ. Гъэхъэщэ адыгэ шууейм уIупIэну. Сыту тынш, екIу икIи зэщIэкъуа абы и цейри, и фочыльэри. И уанэм и тыншагъыр-щэ! ЩIызаУэкIэ сыт хуэдэу IэкъуэлъакIуэу и шыр зэригъакIуэра абы, фочыр кьыщирихъуэткIэ, и Iэбэкъэм удихьэхыу! Уэшх къеШхмэ е пшагъуэмэ, ауэ сытми екIуу зрипхъуэкIрэ абы и щIакIуэр! Афэ джанэмрэ жыр пыIэмрэ иджы къамыГэсэбэпыжьмэ, хэщэтыкIыуэрэ адыгэхэр зыхуехьуэпсэкIыж я пасэрей хабзэхэм я фэеплъу, пщIэ хуащIу ахэр яхъумэ.

СТАЛЬ Карл, *Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ. 1900 гъэ*

БЫДАПIЭМ и унафэщIым хъыбар зэрыраГъащIэу, зимыГъэгувэу унафэ ищIащ адыгэхэм зыщагъэпщкIуа мэзым ебгъэрыкIуэну къззакъ сэлэт щэ зыбжанэ яутIыпщыну. Модрейхэм шы пэ макъэмрэ Iэщэм и Iэуэльауэмкlэ кьагурыIуащ къыззэрахуурейкьар. ЗамыIэжьэу, абыхэм унафэ пыуныкIа къащтэ: псэуэ бийм Iэрагъэхьэну хуэмей яшхэр зэбгъурагъэувэщ, псэ зыIут а блынымкIэ бгъэдыхьэпIэншэ защIри, езыхэр я щIыбагъ къыдэуващ. БлэукIа къаехэмыкIыу, зэ уэгъуэм абыхэм ящIащ дэтхэнэ зыми и шыр иукIыжащ, езыр хэкIуэда нэужь, бийм къыхуэмышцхьэпIэн хуэдэу.

ИтIанэ абдежым кьрихьэлIаехэм ящIащу псэууэ кьэнахэм зэи яГу имыкIыжа зауэзэрылIым щIидзащ. БжыгъэкIэ зэхуэмыдэу яубла а зэбгъэрыкIуэныгъэм иужькIэ, шапсыгъ хыщIым я хьэдэхэр губгъуэм кьинащ, я хъуреягъкIэ нэхъыбэжу кьззакъхэр, шыхэр, Iэщэ кьутахуэхэр щыльу.

Де ПИНЭ Эмануэл, *1820 - 1830 гъэхэм урысыдзэм хэту Кавказым щызэуа франджы уэркъ.*

ЯКъУЭШ хэхуэдэхэм я хьэдэхэр адыгэхэм зауэ губгъуэм зэи кьранэрэкъым. Дунейм ехыжа я Iыхьлыхэр хьфIадзэ нэхърэ, бийр кьытекIуэмэ нэхъ кьащтэу, хьэдэхэр иратыжыну лъэIуакIуэ урысхэм я деж кьокIуэ зауэр. Зэгуэрым Раевский генералым: «Сэ хэкIуэдахэм сеэауэркъым»,- жиIэри ярепжьат зи псэ зыта я лъэпкъэгъуэхэри, «Зауэм уэхкIуэдэну уи натIэмэ, ущIэзыIупхьэжьи уимыIэу Тхьэм укъиимыгъанэкIэ», - жаIэри фIыщIэ кьыхуащIащ.

ГОЛОВИ́Н Иван. *Инджылызым и жьауэ щIэува урыс тхакIуэ, тхыдэтх, кьэхутакIуэ. 1854 гъэ*

АДЫГЭХЭМ кьулеймрэ тхьэмыщкIэмрэ зэхэзыгъэкI пащалъэу яIэр ышынэ Iэщэмрэ я дахагъырщ. Зы хъуэсапэ закъуэщ адыгэм иIэр - адрей и лъэпкъэгъуэм хахуагъкIэ кьахэжанэкIын. ЗэрыщыкIуэр шымрэ Iэщэмрэ есахэщи, ахэр гъэIуныщIэныжмкIэ кьатекIуэн гъэтIысIуэщI. Iэуэлъауэ гуэр кьэхъумэ, шынэми гугъуехьми я гупэрхуэгъэзащ. КъэрабгъэуукьыщIэкIыным нэхърэ нэхъ мыгъуагъэ ящIэрэкъым. Зауэмрэ абы зыщыхуагъэхьэзырыпрэ кьыщыдэхэхэм деж, я Iэзагъымрэ IэкъуэлъакIуагъымрэ хагъэхуауэ, кьэкIуэну зэхэзэхэм зыхуагъасэу, шыр ягъэджэгу, нэщанэ ямыхэзэ.

Де ПИНЭ Эмануэл.

АБАЗЭХЭХЭР лъагъуэфIэхэщ: я нэхъыбэр лъагэхэщ, кьуданхэщ, пIлабгъуэхэщ, бгырыпхым щIикьуэзэ я бгыр псыгъуэщ, уеблэмэ жыжьэгъуэзэкI хуэдэхэм пшэру зы цIыху яхэту слъэгъуакъым. Я щхьэщыр кIэщIыбзэу щIащэ, иныкьуэзэм яупс. ЖьакIэхэр ящ, щIалэхэм - кIэщI дыдэу. Нэхъыжьыуэхэм нэхъ кIыхьу ягъэкI. Я нэкIу зэхэлъкIэр ящIэнущ, пэтIинэу закъуэтIакъуэххэщ яхэтыр. Нагъуэхэмрэ нащхьуэхэмрэ куэдщ, сырыхухэр мащIэ дыдэщ.

ДЬЯЧКОВ-ТАРАСОВ Александр, *кавказ лъэпкъхэм я тхыдэдж. 1904 гъэ*

ГУГЪУЩ зэ IуплъэгъуэкIэ кьыбгурыIуэну зыхуеину псомкIи бийм ефIэкI, кьызыхэтынишэу зэгъэпащэ, унафэ пыухыкIам щIэт дзэм нобэрей текIуэныгъэм и Iэмал нэхъыщхьэ хъуа топыльэрэ мыжорэмрэ зимыIэ бгырысхэр апхуэдизу гущIэрэ зэкъуэтIакъуэххэщ яхэтыр. Нагъуэхэмрэ нащхьуэхэмрэ куэдщ, сырыхухэр мащIэ дыдэщ.

ДЬЯЧКОВ-ТАРАСОВ Александр, *кавказ лъэпкъхэм я тхыдэдж. 1904 гъэ*

ГУГЪУЩ зэ IуплъэгъуэкIэ кьыбгурыIуэну зыхуеину псомкIи бийм ефIэкI, кьызыхэтынишэу зэгъэпащэ, унафэ пыухыкIам щIэт дзэм нобэрей текIуэныгъэм и Iэмал нэхъыщхьэ хъуа топыльэрэ мыжорэмрэ зимыIэ бгырысхэр апхуэдизу гущIэрэ зэкъуэтIакъуэххэщ яхэтыр. НэхъапэкIэ и гугъу ещIащ адыгэхэм Iэщэр Iэзэу зэрагъэIэкIуэлъакIуэмрэ яхэль хахуагъэмрэ. Хэлъхьэ абы кьару лей ямыгъэкIуэду зэуапIэ тынш кьызэрыхахьфымрэ бийм и щыуагъэ кьэс асыхьэтым кьызэрагъасэбэпымрэ. Ахэр зэзэмызэхэщ тафэм е утыку зэIухам и бийм щебгъэрыкIуэр. КьагъапцIуэрэ зыбгъэдаша сэлэтхэр дзэм пэIэщIэ ящIа зэуэжь текIуэныгъэр сыт щыгъуи адыгэхэращ зейр. ЩIууей Iэзагъкlэ кьэзакъэр абыхэм зэи ялъэщIыхьэнукъым.

Де ПИНЭ Эмануэл.

ШЫР адыгэм и етIуанэ псэущ. Зы лъэныкъуэкIэ, адыгэм и шыр нэгъэсыпауэ зыхуей хуегъаз, ауэ иригъащIэри уи нэгу кьыпхуущIэмыгъэхьэн з

Зыгъэхъэзырар Щхьэщэмыщ Иэзэ

● Псалъэжьхэр

Нэр зэмыплъмэ, гур зэщоплъ

♦Адэ щIэинкIэ псэуа щыIэкъым.
♦Анэм и быным хуищIэр фIэмащIэщ.
♦Зэгурымыуэ бынунэм я мыгъуагъэщ.
♦Зи гъунэгъу зи Iэпэгъум и насыпщ.
♦Къуэр унэм и пкъоп, пхъур унэм и щIэращIэщ.
♦Нэр зэмыплъмэ, гур зэщоплъ.
♦ЦIыхуфI и Iэнэ хъэзырщ.
♦Хэгъэрей хуэмыхуэм хъэ къуегъэдзакъэ.
♦Зи щIэ ирагъуэ бжэщхьэIу тесщ.
♦Зыжраеэ нэхърэ - зраIуэкI.
♦Зыльэгъуа щыIэмэ, зэхэзыха умыльхъуэ.
♦Зыри зымыщIэр зэи щыуэркъым.
♦ЗыщIэн зымыщIэжым и унэ иречри иресэж.
♦И гур пхъэр щхьакIэ, и льэр пхъэм дэнащ.
♦И насыпэ бжьхыым ирапхакъым.
♦Из зышхынум ныкъуэ шхыкIэ ищIэркъым.

Къэпуэтэжын бэлыхьи хэлъкъым мыбы, ауэ дышхэу дунейм дытетыхукIэ шыгъур ди гъуэщи, сльэгъуукIэ мыр сигу къокIыж.

Арати, зауэр щIидзэри, зеикъуэдэсхэр япэу зыхуэнокъуэхэм шыгъур ящыщ хъуащ. КъуажэкIэм деж Бахъсэн Iуфэ «Гъуамэжь» жари псы шыугъэ тIэкIу къыщыщIэжырти, абы кьыхэпхыфыр уи Iыхьэт. Ар кьагъавэрт, ягъэжэбзэжырти, хьэнтхъупс, шей сытхэм хакIэрт.

Нэхъ къуажэкум Бахъсэн Iуфэ дежи иIэт апхуэдэ псы шыугъэ къызыщIэж. Ауэ къуажэ быдымымрэ чэзуэуэ абы кэрахуэIэ колхоз жэмхэмрэ кьыпплъагъэсыртэкъым. Си адэ къуэш Мацэ гъэш фермэм и унафэщIт а зэманми абы и Iэщхэри кэрахуэхырт а псы шыугъэм ирагъэфэну. Сэри садэIэпыкъуну сыкIуатэкъым, гуимыкIыжт сльэгъуар. Мо быдым гужьеехэр бжьакъуэпэкIэ зэрыукIырт, зи мэ къащIихьэ псы шыугъэм я Iупэр нэсын папщIэ.

Апхуэдэт зэманыр, езы зауэмэ хуэдэу, абы кьрикIуахэри гужьеиГуэрт.

Тыкуэным, къэралым шыпхъуклэ щымыгугъыщ цIыхухэм зэраплъэкIкIэ хьэрычэт гуэрхэр ящIэрт. Апхуэдэу, дэ дызыхэт, гъуэмыдэзехьэуи сыщылажьэ ди бригадэм щыщу нэхъ зэфIэкI зиIэ щIалэ гуп шыгу зэщIэщIакIэ ирагъажьэри шыугъу къахуэшэр кьашат. Ар бригадэ унэм дэт ерыскъы гъэтIылъыпIэм щIэт чей абрагъуэм щахъуэмэрт, бжэм IункIыбзэ тIуащIэ етыжауэ. А чейр зыщIэт гуэщыщхуэм щIыхьэну хуитыр бригадэм и завхоз БгъэжьнокъуэуIэминт, абы IункIыбзэIухыр дзыхь зыхуищIри си закъуэрт. Арищауи хъунутэкъым. Iэмин зауэм ямышауэ лIыжьт икIи шыгъу чейм хэIэбэн хуей хъуху абы хунэсыргэкъыми, сэ сриIуэхутхьэбзащIэт.

Iэмин лIы тIасхъэ дыдэгъэкъым, ауэ нэхъапэм ар бригадиру, си адэ къуэшыр учетчикыу зэдалэжьати, сэ фIыуэ ябыслъыщтт. Пэжыр жыпIэнумэ, шыгъум сэри тIэкIу сыхэуэрт, ауэ зы Iэмыщ Iэм зэи фIэзгъэкIыртэкъым. Iэмини ищIэ си гугъэт ар, ауэ зыри жиIэртэкъым. ЩIалэ цIыкIу Iэмыщ Iэм сытыт ихуэнури, си жып лъабжьэр щIигъанэ хуэдгъуэ, кьыскIэрыщыртэкъым. Ауэ а си Iэмыщ Iэ цIыкIум из шыгъур ди хьэбгэ цIыкIум я псэхэальхьэжт.

Зэрыхьлэуэри зэрыкъуажэуэри ящIэу си анэпхуэр егъэлеяуэ цIыкIу хьэлэт, жумартти, ди гъунэгъу мэжалIэу езыр тIысу шхэнутэкъым. Арати, сэ махуэ кьэс къэсхь шыгъу Iэмыщ Iэр хэдзэгъуэ зырыз тIурытIу хьэблэ фызым ятригуапэрт. Кьыззэрыщ Iэ Iэмыщ Iэм гуэшынри ауэ сытми Iуэху кьызэрыгуэкIтэкъым. Шыгъур зыхуигуэшхэр щынэхъ мащIэ ятп зэманхэм шей бжэмышх цIыкIу зырыз ялъысырт. Ауэ лъэIуакIуэр нэхъыбэ щыхъум, шей бжэмышхыр щIэтэхьлъуэ мыхъу, телъэщIауэ щхьэIууд ищIащ. Ари щахуримыкъужым, тIум зы шей бжэмышх яриту хуежьащ. Къандисэрэ ДисIэфIрэ фызыхьитIым ялъыса шей бжэмышхыр яхуэмыгуэшу гукъанэ кьыхэкIыжати, Iэпхъуалъэ зырызу яхуигуэшу щIидзащ. Нанэ сыт щыгъуи,«Ялыхь, я гуэныхь кьызумыгъэхь», - жиIэрт. Зэхуэдэ хуэмыщIынкIэ шынэу арат ар щыкIи. IэпхъуалъэкIэ гуэшынми гукъанэ кьикI хъуащ. Фызхэм щхьэж и Iэпхъуалъэ къахьрэ абы ирыраГъэкIуГуэу арат. Дуней факъырэм цIыхур апхуэдизкIэ нэпхьыснэIуг ищIати, Iэпхъуалъэхэр зэрызэхуэмыдизым кьыхэкIыу псори зы IэпхъуалъэкIэ ягуэшу хуежьащ.

Шыгъу Iэмыщ Iэр яхуримыкъуж щыхъум, нанэ ар зыльхьымысхэм джэдыкIэ зырызу, нартыху хьэжьигъэтIэкIу е и пхъуантэжьым и лъащIэм къыщигъуэтыжуэрэ фошыгъу кIанэ щIыкIу зырыз яхуигуэшырт. «Ялыхь, ди къэтхэр узынщэу къытхуэхьыж, я шаIуда щIы...» - жиIэурэ Тхъэм ельэIурт.

Шыгъу Iэмыщ Iэри духащ, зауэри иухащ, Нанэ и тхьэлъэIур Алыхьым кьабыл ищIри, и къуитIри къэкIуэжащ. Шыгъу ямыгъуэтыжу щыщытар ящыгъупщэжа нэужь, Нанэ и жьэм жьэдэкIакъым: «Си Нэхъ къыскъуихьурэ згуэша шыгъу Iэмыщ Iэращ си щIалитIым къэрэгъуд бжьыхь яхуэхъуу псэууэ зауэм кьыхэзыхьжар...». Сэри си фIэщ хуэжауэ, балигъ сыхъуху зризгъэщIэгъэщащ абы. Иджы мис, лIажь сыхъуа пэтрэ, сщымыгъупщэжауэ сотхьыж.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Гукъинэжхэр

Шыгъу Iэмыщ Iэ

щыпхуэм щIыхьэну хуитыр бригадэм и завхоз БгъэжьнокъуэуIэминт, абы IункIыбзэIухыр дзыхь зыхуищIри си закъуэрт. Арищауи хъунутэкъым. Iэмин зауэм ямышауэ лIыжьт икIи шыгъу чейм хэIэбэн хуей хъуху абы хунэсыргэкъыми, сэ сриIуэхутхьэбзащIэт.

Iэмин лIы тIасхъэ дыдэгъэкъым, ауэ нэхъапэм ар бригадиру, си адэ къуэшыр учетчикыу зэдалэжьати, сэ фIыуэ ябыслъыщтт. Пэжыр жыпIэнумэ, шыгъум сэри тIэкIу сыхэуэрт, ауэ зы Iэмыщ Iэм зэи фIэзгъэкIыртэкъым. Iэмини ищIэ си гугъэт ар, ауэ зыри жиIэртэкъым. ЩIалэ цIыкIу Iэмыщ Iэм сытыт ихуэнури, си жып лъабжьэр щIигъанэ хуэдгъуэ, кьыскIэрыщыртэкъым. Ауэ а си Iэмыщ Iэ цIыкIум из шыгъур ди хьэблэ цIыкIум я псэхэальхьэжт.

Зэрыхьлэуэри зэрыкъуажэуэри ящIэу си анэпхуэр егъэлеяуэ цIыкIу хьэлэт, жумартти, ди гъунэгъу мэжалIэу езыр тIысу шхэнутэкъым. Арати, сэ махуэ кьэс къэсхь шыгъу Iэмыщ Iэр хэдзэгъуэ зырызтIурытIу хьэблэ фызым ятригуапэрт. Кьыззэрыщ Iэ Iэмыщ Iэм гуэшынри ауэ сытми Iуэху кьызэрыгуэкIтэкъым. Шыгъур зыхуигуэшхэр щынэхъ мащIэ ятп зэманхэм шей бжэмышх цIыкIу зырыз ялъысырт. Ауэ лъэIуакIуэр нэхъыбэ щыхъум, шей бжэмышхыр щIэтэхьлъуэ мыхъу, телъэщIауэ щхьэIууд ищIащ. Ари щахуримыкъужым, тIум зы шей бжэмышх яриту хуежьащ. Къандисэрэ ДисIэфIрэ фэр узым зэрырихам, лъы зыщIэту щыта и нэкIу хъурей хужьыр зэримыIэжым, абы и пIэкIэ иджы плъагъур кIыхь хъуа и пэ гъурыр щытепщэ и нэкIу уэдырт. А псори занщIэу си гум ешыкъылIащ икIи сльэмыкIыу сегупсысащ: «И нурыр кIуащ жыхуаIэр мыракъэ... ЦIыхум и нурыр кIуэмэ...» АдэкIэ си гупсысэм къыпысщэну сышынащ... «Тхъэм гущIэгъу къыхуищI», - жысIа къудейщ сигукIэ.

А псори кьезгъэщIэнт Муэзрин?! Зыри къэмыхъуа хуэдэ, Iэмал зэрыгъуэгъткIэ нэхъ зызгъэпэщхьафIэуэрэ, сыщIэупщIащ дохутырхэм кьыжраIэм. «Абыхэм пэж къыбжаIэн? Ухъужьнущ, жаIэ. Деплъынкъэ...» Дыуэршэру дызэдэщысым гу лъызмытэу къэнакъым си ныбжьэгъур гъащIэм нэхъ куууэ хэплъэ зэрыхъуам, а япэрей щIалагъэ-псынщIагъэр зэрыхэмылъыжым. Ар нэхъри си фIэщ ящIащ сыкъущIэкIыжьи гъунэгъу хъуауэ Муэзрин кьызжиIаХэм.

- Уэлэхьи, Болэт, си гугъам зэи сымаджи жыми сымыхъуну, - жиIащ абы. - Пэжщ, сэ жьыгъэм и ятп жьыбгъэр кьысщIихуа кьудейщ, ауэ, уэлэхьи, узым, зэрыхъуар сымыщIэу, сиубыдам. Си Iуэхур адэкIэ зэрыхьунур сщIэркъым. Сыту Iейуэ сыщыуа! Сыту кущ щIат сэ фыз кьызэрысщэн хуеярэ! Уэлэхьи, нобэ сыIэми зэдэнтэмэ, адэнщэу кьэхъуну щытми, зы бын гуэр си ужь кьынамэ. Иджы сыIэмэ, уеблэмэ зеиншэ хъуни сиIэкъым...

Сэ абы и гур фIы хуэсщIыну сыхэтащ, ауэ ар щыму кьызэпльри, нэпсышхуитI кьызыщIэува и нэхэр лъэныкъуэкIэ ирихьэкIащ...

ТхьэмахуитI дэкIри, Муэзрин дунейм екьижащ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

ЦIыпIынэ Даринэ

Журтыбей Иннэ

● Гъуэгу къежьапIэ

БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, хабзэ дахэ хъуауэ, илъэс къэс еджакIуэхэм папщIэ зэкешэ «Псори сщIэну сыхуейщ» зэпеуэ. Абы нэрыгъэ кьещIу еджакIуэхэм унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ я зэфIэкIыр зыхуэдэр, я щIэныгъэм и кууагъыр. Апхуэдэу зи чэзу мыгъэрей зэхьэзэхуэм щытекIуахэм ящыщщ ЦIыпIынэ Даринэрэ (Къабмылыкъуэ курыт школ) Журтыбей Иннэрэ (Малкэ къуажэ, курыт школ №1). Мы пщащэ цIыкIухэм унэтIыныгъэм текIуэныгъэр кьыщыхьащ.

«Бэзэр псом япэщ», «Жьынду нэжэгужэ», «Шыпсэхэр, тхыдэ, кьэхъуа хъыбарыжьхэр» унэтIыныгъэхэм зэфIэкI льагэ кьыщигъэлъэгъуащ Журтыбей Иннэ.

«ФIыуэ сльагъу таурыхъхэр», «Жьынду шыр», «Таурыхъхэм я дуней» фIэщыгъэхэр зиIэ Iыхьэм ЦIыпIынэ Даринэ утыку кьыщихьа лэжьыгъэхэр псоми ефIэкIащ.

● Къуажэхьхэр

Фащэм и зы Iыхьэ

Бзэгу зимыIэу
Псэлъэрей,
ЦIыкIуми инми
Ягъусэрей.

ЗэкIуэцIалъхьэмэ -
Баш закъуэ,
ЗэкIуэцIахмэ -
Зы щIакIуэ.

Ди гуэщ цIыкIу
Къаз шыр щIэщ,
Ауэ, бжэр Iуахами,
Зыри кьыщIэмыкI.

Фащэм
И зы Iыхьэ,
Iыхьэм
И нэхъ жан.

ЖЭУАПХЭР:

Жьэ, Къэмэ.
Жьи щIагъуэ, Жьэдэ.

Зэхэзылъхьар **ЩОДЖЭН Леонидщ.**

● Жы Iэгъуэхэр

Сэбэпынщэ зэпэубыда щыIэкъым

♦Лейуэ зыхужумыгъэIэIа: зы кьыпхуэпсалъэмэ, урокыу.
♦Сэбэпынщэ зэпэубыда щыIэкъым.
♦Уэшхыр блэкIащ жьпIэу щIакIуэнщэу зыкъыумыгъанэ: кьыщыблэкIыжьнур пщIэнукъым.
♦Уи жьэр яубдмэ - кIий, уагъэкIиинумэ - яфIызэтепIэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Гъэзэгъ къежьапIэ

Мыр пщIын щхьэкIэ нэхъыфIыр мэлыл, былымыл пшэрщ. Лыпщ Iэр г 40 - 50, щэр г 15 - 20 хъууэ зэпэущI. Псы дагъэжэхри тебэм иралъхъэ, псы щIыIэ щIакIэ, мафIэр ину, и щхьэр тепIауэ зэ кьытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ щыгъу хадэ, мафIэр щIыкIу ящIри дакъикъэ 60 - 65-кIэ ягъанэ. А зэманым псыр щIэ-пэщIэн, лыр вэн хуейщ. Ауэ псыр щIэнащIэрэ ныр хьэзыр мыхъуамэ, псывэ щIакIэкрэ ягъанэ.

Абы иужькIэ зэIащIэуурэ дакъикъи 6 - 8-кIэ, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ лым кьыщIэкIа дагъэмкIэ. ИтIанэ мафIэр щIыкIу ящI, пIащIэу упщIэта бжьыныщхьэр халъхьэри и щхьэр тепIауэ дакъикъи 7 - 8-кIэ ягъажьэ, бжьыныр тхъуэплъ хъуху. ИтIанэ шыбжий сыр хьэжа хадзэри, псоти зэIащIэуурэ дакъикъэ зытIукIэ ягъэжьэж.

Iэнэм тепщэч чэжжкIэ трагъэувэ. ПIастэ дашх, махъсымэ, шху, дэпс трафихьыж.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ): былымылу е мэлылу - г 400, псыуэ - г 150-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Къэпкъ шхыныгъуэхэр

Лы гъэжьа, бжьын упщIэта щIэлъу

Мыр пщIын щхьэкIэ нэхъыфIыр мэлыл, былымыл пшэрщ. Лыпщ Iэр г 40 - 50, щэр г 15 - 20 хъууэ зэпэущI. Псы дагъэжэхри тебэм иралъхъэ, псы щIыIэ щIакIэ, мафIэр ину, и щхьэр тепIауэ зэ кьытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ щыгъу хадэ, мафIэр щIыкIу ящIри дакъикъэ 60 - 65-кIэ ягъанэ. А зэманым псыр щIэ-пэщIэн, лыр вэн хуейщ. Ауэ псыр щIэнащIэрэ ныр хьэзыр мыхъуамэ, псывэ щIакIэкрэ ягъанэ.

Абы иужькIэ зэIащIэуурэ дакъикъи 6 - 8-кIэ, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ лым кьыщIэкIа дагъэмкIэ. ИтIанэ мафIэр щIыкIу ящI, пIащIэу упщIэта бжьыныщхьэр халъхьэри и щхьэр тепIауэ дакъикъи 7 - 8-кIэ ягъажьэ, бжьыныр тхъуэплъ хъуху. ИтIанэ шыбжий сыр хьэжа хадзэри, псоти зэIащIэуурэ дакъикъэ зытIукIэ ягъэжьэж.

Iэнэм тепщэч чэжжкIэ трагъэувэ. ПIастэ дашх, махъсымэ, шху, дэпс трафихьыж.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ): былымылу е мэлылу - г 400, псыуэ - г 150-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Фэ фщIэрэ?

Псалъэхэм я мыхьэнэр

Гъуо. Жылагъуэ зэхэтыкIэм екъэIа терминщ. Хэкум, жылэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ унафэхэр щIыхуобэм ельэкIэ еджэу щытащ.

Совет властыр Къэбэрдейм щагъэувыным ипэ кьихуэ лъэхъэнэм хабзэу щыIащ кьуажэ къэс гъуо иIэн хуеиГуэ. Ар щIыхубэм хъыбар зэрыраГащIэ зы Iэмалт. ИшхэкIэ кьикIауэ унафэ щыIэмэ е, кьуажэдэхэр зэхуэсу, зы Iуэхугъуэ гуэрым тепсэлъыхьын хуеймэ, гъуом ар щIыхухэм яхигъэIуэрт. Къуажэр инмэ, уэрамдыхьэ къэс увурэ гъуор кIийрт, унафэм щIыхухэр щIигъэдэIуу. Къуажэр щIыкIумэ, лъагапIэ гуэрым теуэзэрти, и псалъэр яльигъэIэсырт.

Гъуо къалэныр зыгъэзащIэм хьэкъэлэт (налог) ирагъэтыртэкъым. ЩIыхьэхукIэ абы и щIы Iыхьэр хуавэрт, хутрасэрт, хуIуахыжырт, мэкъу хупаупщIырт, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэри пщIэншэу хуадэрт.

Гъуо Iыхьэ. Фызышэм хэта хабзэхэм щIыщIэ. Нысащ Iэр кьрагъэтIысхьауэ фызышэр пщIантIэм кьыщыдэкIыжьым деж, къуажэ гъуом и Iыхьэу джэд укIа, аркъэбжьэ яту щытащ. Абы «Гъуо IыхьэкIэ» еджэрт. Хабзэр кIуэдыжащ.

Гъ у щ I к ъ э т х ъ ы х ь . Лъэпкъ IэзэкIэм, мажусий диным екъэIа хабзэщ. ЦIыху джэламэ е зэрымыщIэкIэ кьэмэхамэ, абы и хъуреягъыр гъущIыпэ гуэркIэ кьатхъыхьырт. Апхуэдэу ящIмэ, зэран кьахуэхъуар (бзаджэнаджэр е узыр) а кьатхъыхьам кьынэу ягутъэрт. А хабзэм «ГъущIкъэтхъыхькIэ» еджэрт.

Адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ гъущIхэкIым пщIэ хуащIу, ар кьабзагъэм и нэщэнэу яльытэу кьогъуэгурыкIуэ. Псалъэм папщIэ, щIэупщIакIуэ кIуэм гъуэгум гъущIыкIэ гуэр ирихьэлIамэ, ар и нэщэнэу эбжьырт зыхуэкIуэ сымаджэр щIэх зэрыхъужьынум. IуэхукIэ уеэжауэ, нал е нэгъуэщI гъущI кIапэ къэбгъуэтынри фIыуэ яльытэрт.

ДУМЭН Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** ХадэхэкI. **5.** Псышхуэ. **10.** ЦIыху Iэдэб, мамыр. **11.** Ди гъунэгъу щIалэм ... зыпылъ Iуэхуфl куэд илэжащ. **12.** Махуэцlэ. **13.** ... илъ хамэм ещIэж. **15.** ЦIыхуу мелардым щIигъу щыпсэу къэралым и кьалащхьэ. **18.** Языныкъуэ цIыхухэм я напэм е я щIыфэм хэпхъа гъуэжьморафэ цIыкIуэхэр. **20.** Джэнэ мурад зыщIа и пхъуам анэр йоушхыдэ: « ...кIапцIэр уэстыну ухуейуэ ара, уэ илъэс 18 ухуэакъым». **21.** Пщэ гъум. **23.** Палестинэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта Ясир ... . **24.** Акъыл жан зиIэ цIыху. **27.** Чы щIыкIэ къуымыгъэшар ... хъуа иужь кьыпхуэгъэшыжьркъым. **29.** Волгэ псым адыгэхэр зэреджэу щытар. **31.** ИльэситI-щым ит шыщIэхъу мыгъаэ. **32.** Лыжьыр мэхъуахъуэ: «...-банэ щымыIэу хэкур мамыру Тхъэм дигъэпсэу». **33.** ГъэшхэкI. **34.** Плъыжьыфэ. **36.** Ди лэжьапIэм ... ткIий щыгъэуващ: укъыкIэрыхуэ хъунукъым. **37.** Данэ щэкI пIащIэ. **38.** Жьыг лIэужьыгъуэ, и пхъафэр хужьу. **40.** НэгъуэщIхэм хэмыгъэущэн папщIэ Iэщым традзэ дамыгъэ.

Къехыу: **1.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **2.** ... зимыIэм шкIэ щIещIэ. **4.** Налшык дэт хьэщIэщ унэ лъагэшхуэ. **6.** ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **7.** Псыхэс псэущхьэ, кьилъэтыхьу. **8.** ЩIопщ, чнуТI ... . **9.** Тэрч щыналъэм хиубыдэ къуажэ. **14.** Ху кьызыщIаIуыкI къэкIыгъэ. **15.** ЩIалэр ... жьэражьэу кьызэщIэнащ. **16.** Мэзкуу щылажьэ адыгэ физик щэрыIуэ Къумахуэ ... . **17.** Хьэпщхупщ. **19.** Мэл ... унейуэ зиIэ куэд исщ республикэм. **22.** Жэщхэсу губгъуэм кIуэ щIалэм ... хуабэ кьызидищтащ. **25.** Адыгэ лъэпкъ. **26.** Шэжьпс гъэфIэIуэ. **28.** Шым, Iэщым я фэр изых бадзэшхуэ. **30.** Духьэ куэд зыщIэ цIыху. **31.** Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **34.** АнэкъиIлъху. **35.** ХадэжкI. **39.** Бдзэжьей зэрещэ. **41.** Пхъэщхьэмыщхьэ пльыжь-фIыщIафэ цIыкIу, купкъ илъу.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мэлыжьыхьым и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:
ЕкIуэкIыу: 7. Малъхьэрэ. **8.** БэнэнкIэ. **10.** Даур. **11.** Тумэн. **12.** Къауц. **14.** Хукъуэ. **16.** Без. **22.** Наблъэ. **24.** Гущэ. **25.** ЩIхьэпс. **29.** Гухъу. **30.** Бажэ. **31.** Бжьын. **32.** Шху. **34.** ЩIабзт. **36.** Гъурц. **37.** Iэдэб. **41.** Ауэ. **42.** Кугъуэ. **46.** Парт. **48.** Ержыб. **50.** Иреч. **51.** Зэрэгъыж. **52.** Берычэт.
Къехыу: 1. Магас. **2.** Пхъэр. **3.** Курыт. **4.** Пэгун. **5.** Хьэлъкъ. **6.** ПкIауэ. **9.** Чмф. **13.** Къэб. **15.** Кхъужь. **17.** Ер. **18.** Афэ. **19.** Унэгущэ. **20.** Пщы. **21.** Псыхуабэ. **23.** Гъаблэ. **26.** Хьэнщэ. **27.** Жьэ. **28.** Жьыз. **33.** Кьур. **35.** Бэдж. **38.** Дэхъу. **39.** Ду. **40.** Егъу. **43.** ЩIакхъуэр. **44.** Бжьы. **45.** Къемэт. **47.** Тхъэм. **48.** Ерыщ. **49.** Бжей. **50.** Инижь.

● Гушыlэ

Мырамысэмрэ дзажэ пшэрымрэ

Хъуэжэ мэжэлIауэ и хэгъэрей гуэрым и деж еблагъэри, ягъэшхэну ельэIуащ.

- Ялыхь иджыпсту хьэзыру мырамысэ гъущэ фIэкIа симыIэ, - жиIэри, уэнжакъым дажжэ гъэгъуа фIэлъ пэтми, унэгущэм Хъуэжэ ар къыхутригъэуващ.

Абы мырамысэр ишхыу щIидзащ. АрщхьэкIэ мырамысэ гъущэр пхуэшхынт - и тэмакъым тенэурэ хуегъэхэрытэкъым. Абы нэмыщIауэ, лым и мэр къыщIихьэрти, Хъуэжэ жиIащ:

- Мырамысэ, мырамысэ, уехынумэ, ех, уемыхынумэ, мо уэнжакъым фIэдза дажжэ пшэрым урезгъэхьэхынщ!

Ар зэхэзыха унэгущэр укIытэжри:

- Сигу къэкIыжатэкъым, на, дажжэр зэрыдиIэр, - жиIащ икIи лы хуигъажьэри иригъэшхащ.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (*редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ*), Жьэкlэмыхьу Маринэ (*редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ*), Ширдий Маринэ (*редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ*), Гъурыжь Мадинэ (*жэуап зыхъ секретарь*), Истэман Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Газетым Iэ тридзэн ящIэуфэ сыхьэт 20-м, щыградзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №935

Газетым Iэ тридзэн ящIэуфэ сыхьэт 20-м, щыградзар сыхьэт 20.30-рщ.

Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Номерыр «Адыгэ шхыныгъуэхэр» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн ящIэуфэ сыхьэт 20-м, щыградзар сыхьэт 20.30-рщ.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетым 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хэтныгъэхэр зэхуэмыдэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Гетраграф» ООО-м щыградзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ Iапи Iэм ядолжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэдэкъныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5